**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИЙГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРЫНЛАРЫ ПРОФЕССОР - ОҚЫТЫЎШЫЛАРЫ**

**“ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН”**

Аймақлық орай директоры

___________К.Убайдуллаев

“____”_____________ 2015 жыл

# “ЛОГИКА ПӘНИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ”

**МОДУЛИ БОЙЫНША**

**О Қ Ы Ў   М Е Т О Д И К А Л Ы Қ   К О М П Л Е К С**

Тузувчи: проф.Бердимуратова А

**НУКУС-2015**

МАМУНЫ

ИСШИ БАҒДАРЛАМА ........................................................................................3
ЛЕКЦИЯЛАР ТЕКСТЛЕРИ ..............................................................................12
1-Тема: « ЛОГИКА ПӘНИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ » КУРСЫНЫҢ ПРЕДМЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ...........................................................12
2-Тема: ЛОГИКАЛЫҚ СИСТЕМА ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ ТҮСИНДИРИЛИЎЛЕРИ.....................................................................................20
3-Тема: ЛОГИКА ИЛИМИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ БАСҚЫШЛАРЫ ..........29
4-Тема: ФОРМАЛ ЛОГИКАДА ПИКИРДИҢ ШЫНЛЫҒЫ ӨЛШЕМИ .....38
5-Тема: ЛОГИКА ПӘНИН ОҚЫТЫЎДЫҢ ИННОВАЦИЯЛЫҚ МЕТОДЛАРЫ.......................................................................................................51

# ИСШИ БАҒДАРЛАМА

## Кирисиў

Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасының тийкарғы принциплериниң бири болып еркин пикирлеўши, билимдан, ең жоқары әдеп-икрамлылық, моральлық қәсийетлерге, жоқары мәнаўий, ақылый ҳәм илимий потенциалға ийе болған кәмил инсанды қәлиплестириў ҳәм тәрбиялаў болып табылады.

Олар тийкарынан студентлердиң илимий потенциалын, дөретиўшилик басламалар ҳәм руўхый мүтәжликлерин, эстетикалық принциплерди раўажландырыўға бағдарланған болып табылып, олардың актив позициясын, белгили установкаларын, патриотизм сезимлерин ҳәм келешекте ийелейтуғын кәнигелине болған сүйспеншиликти тәрбиялаўға бағдарлайды.

Кадрларды таярлаўдың миллий бағдарламасының тийкарғы мақсети – студентлердиң келешекте ийелейтуғын кәсибин меңгерип алыў ушын, студентлердиң билимине, ақылый кәбилетлерине қарай, жеке көнликпелерин есапқа алған ҳалда, максималь дәрежеде қолайлықлар, шарт-шараятлар жаратып бериў.

Студентлердиң тийкарғы компетенцияларын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўдың оқытыўшылардың әҳмийетли шәртлердиң бири педагогикалық шеберлигин турақлы арттырып барыў есапланады.

«Философия тарийхы ҳәм логика пәнин оқытыў методологиясы» пәни қәнигелигин жетилистириў курсларында философия пәнинен сабақ өтиўши оқытыўшылар ушын арналған.

Усынылып атырған дисциплина тийкарынан келешекте философия бойынша кәнигелерди таярлаўшы педагог-кадрлар ушын жақсы теориялық база есапланады, жоқары оқыў орынларында, факультетте ҳәм кафедрада оқыў-методикалық жумысларды мақсетке муўапық ҳалда шөлкемлестириўге бағдарланған болып, тийкарынан студентлерде ақылый мийнет мәдениятына үйретиў, үзликсиз тәлимге болған мүтәжликти қанаатландырыўдың нәтийжелилигин арттырыўға бағдарланған.

**«Философия тарийхы ҳәм логика пәнин оқытыў методологиясы » пәнин оқытыўдың мақсети ҳәм ўазыйпалары:**

«Философия тарийхы ҳәм логика пәнин оқытыў методологиясы» пәнин оқытыўдың мақсети бул тыңлаўшыларға философиядан лекцияларды оқыў, семинар сабақларын өтиў, олардың өз бетинше философиялық практика ҳәм илимий дөретиўшилик пенен шуғылланыўлары ушын терең билим бериў ҳәм олардан пайдаланыў мәдениятын раўажландырыўдан ибарат болады.

Жоқары оқыў орнындағы оқыў процессиниң тийкарғы формалары ҳаққында түсиник бериў. Студентлердиң философия пәнин оқытыўда теориялық принциплер ҳәм методикалық көнликпелери менен таныстырыў болып есапланады.

**« Философия тарийхы ҳәм логика пәнин оқытыў методологиясы » пәнин оқытыўдың ўазыйпалары:**

- жоқары оқыў орынларында философияны оқытыўдың тийкарғы методикалық өзгешеликлерин үйрениў;
- философия тарийхы ҳәм логика пәнлеринен лекцияны оқыў методикасын жетилистириў;
- философия тарийхы ҳәм логика пәнлеринен әмелий сабақларды өтиў методикасын жетилистириў;
- философия курсы бойынша студенлерге басқа да оқыў процессиниң методикалық формалары ҳаққында түсиникти бериў (консультациялар, өз бетинше жумыслар, әдебий дереклер менен жумыс алып барыў, семинар сабақалырында баянат жасаў, философия пәни бойынша экзамен ямаса зачет ҳаққында улыўма түсиниклер бериў);
- тыңлаўшылар тәрепинен исленген методикалық разработкалар тийкарында лекцияны оқыўдың ҳәм семинар сабақларды өтиўде методикалық көнликпелерин раўажалндырыў;
- интерактив методларда оқытыўдың абзаллықларын түсиндириў;
- жаңа педагогикалық технологиялардың түрли формаларын

салыстырмалы түрде анализлеў;

- педагогикалық технологияларды кәнигелик практикада қоллаўды әмелге асырыў ҳәм студентлердиң өз бетинше искерлиги ушын әмелий усынислар ислеп шығыўдан ибарат

**Пән бойынша тыңлаўшының қәнийгелигине қойылатуғын талаплар:**

- философиялық пәнлерди оқытыўда методикалық өзгешеликлердиң мазмунын билиў;
- лекция ямаса семинар сабақлардың исленбесин ислеп шығыўды үйрениў;
- методикалық исленбелер тийкарында лекция ҳәм семинар сабақларды өтиў көнликпесине ийе болыў.

## Оқыў режесиндеги басқа пәнлер менен байланысы

Бул пән биринши нәўбетте педагогика, психология пәнлери менен байланыслы болып, алдынғы педагогикалық технологияларды қолланыў көнликпелерин ийелеў ҳам инсан психологиясы, әсиресе жаслар психологиясының өзине тәнликлери менен таныс болыўды талап етеди. Сондай-ақ, бул пән социология, тарийх ҳәм басқа да социаоллық-гуманитар пәнлер менен де байланыслы болып, тыңлаўшы бул пәнлердеги соңғы жаңалықлар менен байланыслы мағлыўматларға ийе болыўын талап етеди.

## Пәнди оқытыўда пайдаланылатуғын заманагой информациялық ҳәм педагогикалық технологиялар

Оқыў процесси менен байланыслы болған билим бериў сапасын белгилеўши ҳалатлар төмендегилер: жоқары илмий-педагогикалық дәрежеде сабақ өтиў, проблемалы лекциялар оқыў, сабақларды сораў-жуўап көринисинде қызықлы етип шөлкемлестириў, алдынғы педагогикалық технологиялар ҳәм мультимедиалык қураллардан пайдаланыў, тыңлаўшыларды қызықтыратуғын, ойландыратуғын проблемаларды студентлерге усыныў, талапшаңлық,

тыңлаўшылар менен индивидуал ислесиў, еркин пикир-алысыўға, илимий излениўге тартыў.

« Философия тарийхы ҳәм логика пәнин оқытыў методологиясы » курсын режелестириўде төмендеги тийкарғы концептуал қатнаслардан пайдаланылады:

**Шахсқа бағдарланған қатнас.** Бул қатнас билим бериў процесси қатнасыўшыларының барлығының раўажланыўын талап етеди. Бул болса билим бериўди режелестириўде[2] билим алыўшы шахсты емес, биринши нәўбетте, келешектеги канигелик искерлиги менен байланыслы болған оқыў мақсетлеринен келип шыққан ҳалда қатнас жасаўды талап етеди.

**Системалы қатнас.** Билим бериў технологиясы системаның төмендеги белгилерин өзинде жәмлеген болыўы тийис: процесстиң избе-излиги, оның барлық элементлериниң өз-ара байланыслылығы, бир пүтинлиги.

**Искерликке бағдарланған қатнас.** Шахстың өз қанигелигинде қолланыўы мүмкин болған қасийетлерди қалиплестириўге, билим алыўшынының искерлигин активлестириў ҳәм интенсивлестириўге. Оқыў процессинде студенттиң барлық қәбилети ҳәм имканиятлары ҳәм дөретиўшилигин ашыўға бағдарланған билим бериўди аңлатады.

**Диалоглы қатнас.** Бул қатнас оқыў мүнәсебетлерин жаратыў зәрүрлигин билдиреди. Оның нәтийжесинде шахстың өз-өзин активлестириў ҳәм өзин көрсете алыў сыяқлы дөретиўшилик қәбилети күшейтиледи.

**Бирге-ислесиўге тийкарланған билим бериўди шөлкемлестириў**. Демократиялық, теңлик, билим бериўши ҳәм билим алыўшы искерлиги мазмунын қәлиплестириўде ҳәм ерисилген нәтийжелерди баҳалаўда биргеликте ислесиўди ислесиўди шөлкемлестириўге итибарды каратыў зәрүрлигин билдиреди.

**Проблемалы билим бериў.** Билим бериў процессинде пән бойынша проблемалық характердеги темаларды бериў арқалы билим алыўшының активлигин күшейтиў усылларынан бири. Бунда билимниң қарама-қарсылықлы характери ҳам оны шешиў усыллары, диалектикалық пикирлеўди қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға дыққат каратылады.

**Хабарды усыныўдың заманагөй кураллары ҳам усылларынан**

**пайдаланыў** – жаңа компютер ҳәм хабар техноогияларын оқытыў процессине қолланыў.

**Оқытыўдың усыллары ҳәм техникасы.** Лекция (кирисиў, тематикалық,визуализация ), т- схема, синквейн, семинар-конференция, ойынлық метод, проектлер методы, дискуссия, китап пенен ислесиў, шынығыўлар шешиў, плакатлы презентация.

**Оқытыўды шөлкемлестириў формалары** – фронтал, индивидуал, коллектив.

Оқытыў қураллары: оқытыўдың дәстүрий формалары (сабақлық, лекция тексти), тарқатпа материаллар, шынығыўлар.

**Кери байланыс усыллары ҳәм қураллары:** бақлаў, билц-сораўлар, аралық, шегаралық ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжелерин анализи тийкарында оқытыя диагностикасы.

**Басқарыў усыллары ҳәм қураллары:**оқыў сабағының басқышларын белгилеп бериўши технологиялық карта көринисинде оқыў сабақларын режелестириў, қойылған мақсетке ерисиўде оқытыўшы ҳәм тыңлаўшының биргеликте ҳәрекети, аудиториядан тысқары өз-бетинше ислерди қадағалаў.

**Мониторинг ва баҳалаў:** оқыў сабағында ҳәм пүткил курс даўамында оқытыў нәтийжелерин режели түрде аралық кадағалаў ҳәм шегаралық қадағалаў түринде тексерилип барылады. Курс ақырында аўызеки қадағалаў формасында жуўмақлаўшы қадағалаў өткериледи.

**«Логика пәнин оқытыў методологиясы» пәнинен темалар ҳәм саатлар бойынша бөлистирилиўи:**

| т/н | Тема атлары | Жәми саат | Лекция | Әмелий сабақлар | Өз бетинше |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Кирисиў. «Логика пәнин оқытыў методикасы» пәниниң предмети ҳәм ўазыйпалары | 4 | 2 | 2 | |
| 2 | Логикалық система түсиниги ҳәм оның түсиндирилиўлери | 4 | 2 | 2 | |
| 3 | Логика илиминиң раўажланыў басқышлары | 4 | 2 | 4 | |
| 4 | Формал логикада пикирдиң шынлығы өлшеми | 4 | 2 | 2 | |
| 5 | Логика пәнин оқытыўдың инновациялық методлары | | 2 | 2 | |
| 6 | Формаллық емес логика: диалектикалық логика | 2 | | 2 | 2 |
| 7 | Логика нызамларының қолланыўдың заманагөй усыллары | 2 | | 2 | 2 |
| | Жәми | 30 | 10 | 16 | 4 |

**Өз бетинше ислеўге берилген сабақлар түри ҳәм мазмуны**

| № | Өз бетинше ислеўге сабақлар темалары | Берилген тапсыпмалар | Орын. мудде ти | Колеми (саат) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Логика пәнинен лекцияны оқыў ҳәм таярлаў методикасы | Ҳәр бир тыңлаўшы философиядан бир лекция сабағын өтиў бойынша технологиялық карта ҳәм | | 2 |
| 2 | Әмелий (семинар) сабақларды таярлаў ҳәм өтиў методикасы | Ҳәр бир тыңлаўшы философиядан бир лекция сабағын өтиў бойынша технологиялық карта ҳәм | | 2 |
| | Жәми | | | 4 |

**Бағдарламаның информацион методикалық тәмийнлениўи**

Бул пәнди оқытыў процессинде тәлимнин заманагөй методлары, педагогикалык ҳәм хабар коммуникация технологияларынан пайдаланыў нәзерде тутылған.

Жоқарыда көрсетилген лекция, әмелий сабақларды өткенде компьютер, видеопроектор ҳәм экраннан, кадаскоптан, сызылмалардан пайдаланылады**.**

## Усыныс етилген әдабиятлар дизими

### 1. Тийкарғы әдебиятлар:

1.Каримов И. Асарлар. 1-14-жилд. –Т.: Ўзбекистон, 1996-2007

2.Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. –Т.: Маънавият, 2008

3.Қўшоқов Ш. Фалсафани ўқитиш методикаси. –Самарқанд.: Университет, 2006

4.Қаҳҳорова Ш. Б. Фалсафани ўқитиш методикаси. Т. Университет. 2006.

5.Ахметов Н.К., Хайдарова Ж.С. Игра как процесс обучения. А-А,1985

6.Қаҳҳорова Ш. Фалсафага кириш. –Т.: Университет, 2005.

7.Балаев А.А. Активные методы обучения. М.,1986

8.Басова Н.В. Педагогика и практическая психология. Ростов на Дону, 2000.

### 2. Қосымша әдабиятлар:

1. Борисова Н.В., Соловьева А.А. Игра в обучении лекторов. М., «Знание», 1990
2. Брушлинский А.Б. Психология мышления и проблемное обучение. М., 1983
3. Вербицкий А.А. Активное обучение в высшей школе: контекстный подход. М., «Высшая школа», 1991
4. Вербицкий А.А. Человек в контексте речи: формы и методы активного обучения. //Лекторское мастерство №11, 1990 /М., «Знание»
5. Выготский Л.С. Педагогическая психология. М., «Педагогика», 1991
6. Фалсафа қомусий луғат. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2005
7. Ғарб фалсафаси. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2004
8. Шарқ фалсафаси. / Н.Иброҳимов таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2006
9. Фалсафа. Қисқа изоҳли луғат. Абдуллаева М. таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2004.

10. Зотов И.В.Бытие и сущее. –М.: Современные тетради, 2005.

11. Аршинов В.И. Синергетика как феномен постклассической науки. М. 1999.

12. Ахмедова М. Основы философии. -Т.: Узбекистан, 1998. -340 с.

13. Спиркин В. Бытие // Философия. Учебник. –М.: Канон, 2001. -500 с.

14. Философский энциклопедический словарь / под ред. Л.Ф.Ильичева. -М.: Сов. энциклопедия, 1983.

15. История философии. Энциклопедия. Интерпрессервис. –Минск.: Книжный Дом, 2002

16. Глобалистика. Международный энциклопедический словарь. / Под ред. Мазур И.И., Чумаков А.Н. –Москва-Санкт-Петербург-Нью-Йорк, ЕЛИМА, ПИТЕР, 2006.

17. Ахмедова М., Йўлдошев С., Шоматов О. Ҳинд фалсафаси. –Т.: 2006

3. Интернет материаллары:

1) http://www.mgimo.ru/fileserver/
2) http://www.ssu.runnet.ru/...
3) http://www.philol.msu.ru/~rlc2001/ru/sch_14.htm
4) http://www.philosophy.pu.
5) http://anthropology.ru/ru...
6) http://www.usu.ru/inform/.
7) http://www.tsu.ru/Webdesi...

## ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

# ЛЕКЦИЯЛАР ТЕКСТЛЕРИ

## 1-Тема: « ЛОГИКА ПӘНИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ » КУРСЫНЫҢ ПРЕДМЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

**Жоба:**

1. « Логика пәнин оқытыў методологиясы » курсының предмети ҳәм ўазыйпалары
2. Педагогика, дидактика, методика түсиниклериниң ара қатнасы
3. Жоқары мектеп педагогикасының методологиялық мәселелери
4. «Философия тарийхы ҳәм логика пәнин оқытыў методологиясы» курсының пәнлер менен ара байланыслығы

***Таяныш сөзлер:*** *дүньяға көз қарас, методология, метод, философия, монизм, дуализм, плюрализм.*

## 1. «ЛОГИКА ПӘНИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДОЛОГИЯСЫ» КУРСЫНЫҢ ПРЕДМЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

«Философияны оқытыў методикасы» курсы жоқары оқыў орынларында студентлер тәрепинен философиялық таълим алыўда оғада үлкен әҳмийетке ийе. Философияны оқытыў барысында билим ҳәм эпистемиялық, ҳәм де бир ўақытта софийстлик тийкарларында интерпретацияланыўы керек болып табылады. Бундай қатнас төмендеги оқыўлықларда жүзеге келеди: П.В.Алексеев, А.В.Панин Философия, М.: Проспект, 1997, 1-бөлим; В.Г.Кузнецов, И.Д.Кузнецова, В.В.Миронов, К.Х.Момджян Философия, М.: ИНФРА-М, 2002 - 3 бап.

Философияны оқытыў методикасы тиккелей философияны түсиниў менен байланыслы болады. Ең дәслеп, философия бул «таза» яки «жаңа» илим сыпатында алып қаралатуғын турақлы ҳәм кең тарқалған көз қараслардан қутылыўымыз керек. Бул жағдайда философия оқыў дисциплинасы (пәни) сыпатында бир қанша билимлер суммасына

(жыйындысына) тең болады, бул жерде атап өтиўимиз тийис – ең төмен көрсеткиш: бириншиден, бул студенттиң философия бойынша алған билимлерин экзамен ўақтында «тапсырып», кейин ала «умытып қалыўы»; екиншиден, өте жақсы көрсеткиш – бул студенттиң көз қарасын кеңейттириўде үлкен әҳмийетке ийе ҳәм «философиялық билимданлық» дәрежеси күшейеди.

Улыўма философияны оқытыў методикасы, көбинесе курстың анаў яки мынаў бөлимлериниң қосындысының баян етилген жеке методикасы болып есапланады, яғный атап өтиўимиз мүмкин, онтология, гносеология, социаллық философии ҳәм т.б. Тарийхий-философиялық проблемалық майданда философия реаль илим ямаса илим методологиясы сыпатында емес, ал иррационалистлик ҳәм рационалистлик универсаллық дүньятаным яки дүньяны түсиниў мәденияты болып табылады. Бул жерде оқытыўшының тийкарғы концептуаль ўазыйпасының бири болып философиялық ойда усы атап өтилген мәдениятты пайда етиў, қәлиплестириў ҳәм оған студентти үйретиў.

Методикалық жақтан бул процесс тийкарынан студентти оригиналь философиялық текстлер менен ислесиўге үйретиў, дүнья жүзлик философиялық процессте болып өтетуғын көп аспектли тарийхта сәўлелендиретуғын проблемалық ситуацияларды анализлеўге үйретиў болып есапланады. Философия барлық ўақытта дүнья жүзлик раўажланыўдың догмалық яғный «қатып қалған» билим алыў схемасын қурыўға умтылды.

Ҳәзирги ўақытта философияны үйрениў, философиялық билимлерге ийе болыў, философиялық ағартыўшылыққа болған мүҳтәж, философиялық ой-пикир жүритиў, дүньяны сезе билиў ҳәм дүньятаным сыпатында оғада әҳмийетке ийе.

Философияға болған оғада зәрүрлик адамның руўхыйлығынан, ҳәзирги заман баҳалықлардың кризисинен тиккелей байланыслы болады.

Буд жерде атап өтиўимиз мүмкин адамды биологиялық түр сыпатында сақлап қалыў, еркинлик дәрежеси ҳәм де пухаралық жәмийеттиң болмысын характерлейтуғын стратегияларды ислеп шығыў баслы мәселе болып табылады.

## 2. ПЕДАГОГИКА, ДИДАКТИКА, МЕТОДИКА ТҮСИНИКЛЕРИНИҢ АРА ҚАТНАСЫ

Ал философияға болған жеке мүтәжлик болса, К.Ясперстиң айтыўы бойынша, «Адамлар жасап атыр екен, демек филсоофияның болмаўы мүмкин емес. Философия тийкарынан басқа мақсетлерден жоқары өмирдиң мазмунына ийе болыў, жасаўдың мақсетин аңлап жетиў, бул мазмунды ҳәзирде аңлап алып – ҳәзирги тийкарында келешекке хызмет етиў, - ҳеш қашан қандай-да бир адамды ямаса улыўма адамды усыл сыпатына (дәрежесине) түсирмеў. Философиялық ой-пикир жүритиў (философствование) барлық ўақыттағы ўазыйпасы бундай: болмысты түсиниў тийкарында ҳақыйқый инсан болыў…» (К.Ясперс. Философская вера // смысл и назначение истории. М., Республика, 1994. с. 500).

Жоқарыда айтылғанлардың барлығы студент тәрепинен философия бойынша стандарттың минимумын, яки философияны оқытыў дисциплинасын үйренип алыў зәрүрлигин туўдырады. Бирақ, бул жерде философияны үйренип алыў – мақсет емес, ал усыл сыпатында алып қараймыз: ол механикалық-формаллық болмаўы керек, ол идеалында студенттиң жеке раўажланыўына тәсир етиўи керек.

XXI-әсир басындағы реалийлер, яғный фактлер, ҳақыйқый социаллық процесслер, қубылыслар, үшинши мың жыллықта улыўмацивилизациялық раўажланыўдың перспективалары, билимлендириў тараўының гуманизацияланыўы ўазыйпалары, билимлендириўдиң «алға озып өтиўи»ниң пайда болыўы, булардың барлығы объектив көз қарастан кәнигени таярлаўда оның жеке раўажланыўын ең биринши планға қояды.

Егерде, дәслебинде билимлендириў процессинде тийкарынан шахстың қәлиплесиўи алға қойылған ўазыйпа болған болса, ал ҳәзирде, билимлендириў процессинде нонконформистлик шахстың қәлиплесиўи, социаллық орталықта толерантлы ҳәм өзин өзи реализациялаў ҳәм өзин өзи актуализациялаўға бағдарланған шахсты қәдиплестириў ҳәм тәрбиялаў баслы мәселе болып табылады. Бул контексте жоқары оқыў орнында өтилетуғын философия предметиниң роли жүдә күшли. Бул жағдайда тийкарынан принципиаллық жақтан философияны үйрениў процессинде, студент тек ғана белгиленген билимлер жыйындысын ғана үйрене қоймастан, ол  жаңа социаллық жақтан зәрүрли тәжирийбе топлап, «өзин өзи пайда етип», философиялық ой-пикир жүритиўдиң, дүньяны билиў ҳәм дүньяны түсиниў усылы сыпатында көникпелерди үйренип, өзлестирип алыў болып табылады.

Философиялық ой-пикир жүритиўдиң өзеги сыпатында еркин пикирлеў, тийкарғы баҳалық ориентациясы болып – толерантлық есапланады. Келешектеги кәниге ушын философиялық мәдениям оның профессионаллық тийкары болып табылады. Ол тийкарынан студенттиң жаңа билимлерди өзлестирип билип алыўына, жаңа информациялық, технологиялық ҳәм дүньяға көз қараслық парадигмаларға тез көникиб, адаптацияланыўы ҳәм билим алыўды тийкарғы ҳәм жоқары баҳалық сыпатында алып қарайтуғын шахстың кәлиплесиўине дерек болады.

## 3.**ЖОҚАРЫ МЕКТЕП ПЕДАГОГИКАСЫНЫҢ МЕТОДОЛОГИЯЛЫҚ МӘСЕЛЕЛЕРИ**

Студенттиң шахс сыпатында қәлиплесиўи менен бара бар философиялық мәдениятының концептуаль критерийи, яғный өлшеминиң қәлиплесиўиниң тийкарғы басқышлары болып төмендегилер табылады:

- арнаўлы белгиленген философиялық терминология ҳәм категориаль-түсиник аппаратын белгили дәрежеде өзлестирип алыў;

- арнаўлы философиялық әдебиятларды ҳәм оригиналь философиялық текстлерди оқыў;

- философиялық диалог ҳәм философиялық дискурс жүргизиў уқыплылығына ийе болыў;

- философиялық ой-пикир жүритиў дүньяны билип алыў ҳәм дүньяны түсиниў усылы сыпатында үйрениўдиң жеке талабы;

- ғәрезсиз толерантлық ойлаў дүньяға көз қараслық-искерлик баҳалық сыпатында;

- профессиональ искерлик процессинде философиялық мәдениятты реализациялаў.

Жоқарыда көрсетилген ҳәм атап өтилгенлердиң барлығы теоретикалық-методологиялық тийкар болып, «Философияны оқытыў методикасы» курсын дүзиў ҳәм оқытыўда дәслепки баҳалық установкалардың бири болып есапланып, оның мазмуны философия курсының айырым бөлимлерин ямаса айырым темаларын үйрениўдеги жеке методикалар жыйындысы болып қоймастан, философияны оқытыўдың улыўма методикасы болыўы тийис. Усындай подход «тарийхий жақтан» В.И.Разин тәрепинен «Жоқары оқыў орынларында философияны оқытыўдағы улыўма методика» атлы 1977 жылы баспадан шыққан мийнетинде усынылғын. (Разин В.И. Общая методика преподавания философии в вузах: Метод. Пособие для преподавателей. М.: Высшая школа, 1977).

## 4.«ЛОГИКА ПӘНИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДОЛОГИЯСЫ» КУРСЫНЫҢ ПӘНЛЕР МЕНЕН АРА БАЙЛАНЫСЛЫҒЫ

Келешекте философия пәни бойынша оқытыўшыларды таярлаўда ҳәм оларды үйретиў процессинде есапқа алмаўымыз мүмкин болмаған бир қанша қарама-қарсылықлар жүзеге келеди. Мәселен, айтып өтиўимиз мүмкин:

- биринşиден, студенттиң оқыў-үйрениў искерлигиниң абстракт предмети (философиялық мектеплер ҳәм бағларлар, дереклер текстлери ҳ.т.б.) ҳәм үйренилип атырған профессиональлық-педагогикалық искерлигиниң реаль предмети арасында;

- екинshиден, профессиональлық искерликтиң мазмуныныӊ бир пүтинлиги ҳәм студент тәрепинен көп предметлер (яғный, философия тарийхы, онтология ҳәм билиў теориясы, логика, мәденияттаныў, педагогика ҳәм психология, этика, эстетика ҳ.т.б.) үйренип алыўы арасында;

- үшиншиден, профессиональлық-педагогикалық искерликтиң реализацияланыўының жәмийетлик формасы ҳәм студенттиң оны менгерип алыўының жеке формасы арасында бир қанша қарама-қарсылықларды көриўимиз мүмкин.

Оннан тысқары, атап өтиўимиз мүмкин, студентлердиң өзиниң бар мүмкиншиликлериниң ҳәм уқыплылығының өзи тәрепинен өзин өзи баҳалаўының өте төменлеп кеткенин, олардың келешектеги философия пәни оқытыўшысы болыўындағы ҳәм келешектеги педагогикалық искерлигине де айырым негативлик қатнас жасаўы тәреплерин бақлаўға болады.

Усындай қарама-қарсылықлардың ҳәм проблемалардың шешилиўинде «Философияны оқытыў методикасы» курсында студентлердиң келешектеги профессиональлық-пелагогикалық искерлигинде теориялық билимлердиң әмелий уқыплылық ҳәм көникпелериниң байланысын тәмийинлеп турыўшы сондай оқытыў системасын пайда етиў зәрүр.

Курсты менгерип алыўдың төмендеги дәрежелерин бөлип көрсетиўге болады:

- репродуктив, яғный, методикалық билимлерди алыў;

- методикалық билимлерди алыўда үйренип алыў дәрежеси, яғный,

лекцияның жобасын ҳәм оның текстлерин дүзиў, әмелде қолланылып атырған оқыўлық ҳәм оқыў қолланбаларға сын жазыў, үйренилип атырған темаларға теориялық ҳәм праткикалық жақтан өзиниң концепцияларын усыныў, студенттиң ойлаў искерлигин, ойлаў қәбилетин активлестириўге бағдарланған ҳәм оларды шешиўде усыллар ҳәм жолларын табыўға қаратылған, мәселелер менен байытылған семинар сабақларын ислеп шығыў, оннан тысқары «Философия» курсының бағдарламасының авторлық вариантын пайда етиў ҳ.т.б.;

- белгиленген көникпелер ҳәм уқыплылық дәрежелерин менгерип алыў, яғный, лекцияның жобасын ҳәм оның текстлерин, оқыўлық ҳәм оқыў қолланбаларға жазылған сынды додалаў, философиялық курс бойынша студент тәрепинен усынылған авторлық бағдарламалар вариантларын анализлеў, оқыў процессинде рольлик ойын шегарасындағы семинар сабақлардың ситуацияларын моделлестириў ҳ.т.б.

Келешекте философия пәни оқытыўшысын таярлаўда, студенттиң жеке жетискенликлерин қадағалап турыўшы ҳәм оның (студенттиң) кейинги профессиональлық қәлиплесиўине тәсирин тийгизетуғын тапсырмалардың формулировкаланыўында жоқарыда атап өтилген ҳәр бир дәреже белгили бир баҳаны пайда етеди. «Философияны оқытыў методикасы» сабағын ҳәм оны өткериў формасын шөлкемлестириўде принципиаль әҳмийетли орынды шахсқа бағдарланған педагогикалық технологиялар ийелейди. Олардың тийкарында диалоглы принцип қойылған болып, яғный, бул оқытыўшының ҳәм студент арасындағы, бул жерде айтып өтиўимиз керек – болашақ оқытыўшыны кәсиплес қатарына киргизилгенлиги ҳәм олар арасындағы тең ҳуқықлы қатнас пайда болғанлығы, ҳәр бир үйрениўшиниң өз бетинше ис алып барыўының майданын кеңейтиў баслы мәселе есапланады.

Усындай оқыў процессинде оқытыўшы тек ғана оқытып қоймастан, ал студентти профессиональлық раўажланыўына бағдарлап ҳәм оның

әмелге асырылыўына қолай жағдай жаратады.

Солай етип, атап өтиўимиз керек, «Философияны оқытыў методикасы» курсы өзиниң зәрүрияты бойынша базалық философиялық курсларға салыстырғанда екинши орында турады ҳәм олардан ғәрезли болады. Мазмуны жағынан бул курс кәнигеликтиң барлық улыўма профессиональлық дисциплиналарына ҳәм «Психология ҳәм педагогика» курсына таянады.

XXI-әсир жәмийеттиң раўажланыўында руўхыйлықтың үстемлилиги, Өзбекстанның өзине тән раўажланыў моделинде базар экономикасының руўхый факторы, талабы педагогиканы глобалласыўына тийкар болды.

## Тәкрарлаў ушын сораўлар

1. Атомистлер тәлийматы (Левкип, Демокрит)
2. Номинализм ҳәм реализм.
3. Ажинияздың социаллық-философиялық, этикалық ҳәм эстетикалық көз қараслары
4. Илим философияның пәни ҳәм курылысы.
5. Тәбият ҳәм жәмийетти философиялық анализлеў
6. Немец классик философиясы.

## Әдебиятлар

1. И. А. Каримов Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы Н, 1993.

2. И. А. Каримов Өзбекстанда жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўдың тийкарғы принциплери Н. , 1995.

3. И. А. Каримов Узбекистон буюк келажак сари Н. , 1998.

4. Основы философии Т. , 1998.

5. И. Рахимов Фалсафа Т. , 1999.

6. Введение в философию М. , 1989.

# 2-Тема: ЛОГИКАЛЫҚ СИСТЕМА ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ ТҮСИНДИРИЛИЎЛЕРИ

1. Логика пәнинен лекцияны шөлкемлестириў
2. Логика пәнинен семинар сабағын шөлкемлестириў
3. Логика пәнинен өз-бетинше жумысты шөлкемлестириў

***Таяныш сөзлер:*** *лекция түрлери, бинарлық лекция, проблемалық лекция, лекция презентация, технологиялық крата, слайд*

## 1.ЛОГИКА ПӘНИНЕН ЛЕКЦИЯНЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

Философия – билимлер системасы сыпатында. Философия, рациональлық билиў, теориялық ойлаў сыпатында, басқа арнаўлы пәнлер сыяқлы, логикалық байланыслы, системалы характерге ийе. Әййемги Грецияда ең дәслеп тарийхта «бизлердиң билимлеримиздиң жыйындысы избе изликте тәртиплескен болыўы мүмкин» деген пикир пайда болады, сол бар болған ҳәр түрли билимлер арасынан улыўма характерге ийе, ең зәрүрли, ҳақыйқат, белгили ҳәм анық билимлерди бөлип шығарыўға болады – «архаи», «прота», «баслама», «принциплер», «аксиомалар» - олардан кейиншелли басқа билимлерди избе изликте шығарыў ҳәм беккем дәллилеў мүмкин болады. Аристотель айтқанындай, данышпан, дана адамға тәртиплестириў, избе изликте қойыў тән. Адамның ақылы, Канттың пикири бойынша, тәбиятынан архитекторлық (архитектоничен) стильге уқсайды деп, ол барлық билимлерди қандай-да бар болған системаға киретуғынын алып қарайды. Ал Платонның пикири бойынша, өзиниң билиўлерин қандай-да тәртиплескен системаға келтире алатуғын инсан «Кимде ким бөлип ҳәм анықлап билетуғын болса, онда ол Қудай сыяқлы қүдиретке ийе» деп айтқан. Бизлерди қоршап турған дүнья өзиниң қандай-да бир «дүзилисин» яки «тәртибин» өзинде анықлай отырып, тийкарынан

«космосты» (грек тилинен келип шығып – тәртип дегенди аңлатады), ал хаосты емес келтирип шығарады, сол сыяқлы бизлердиң дүнья ҳаққында билимлеримиз де идеальлық ***идеялар космосын***, руўхый «дүньяны» қурайды.

Соның ушын да, бирақ байланыслы емес бөлек ҳәм де өте ири философлардың философиялық ой жүритиўи системалы емес (әсиресе сыртқы көриниси бойынша) түрге ийе болыўы мүмкин. Бирақта ўақыттың өтиўи менен философиялық мектеплердиң ҳәм философиялық бағдарлардың пайда болыўы менен байланыслы, ол философиялық системалардың пайда болыўына ҳәм қәлиплесиўине алып келеди, олар басқа да илимий системалар сыяқлы логикалық байланысқан бөлеклерге, бөлимлерге, «тәлиматларға», «илимлерге», «дисциплиналарға» ҳ.т.б. бөлинеди. Олардың ҳәр қайсысы анаў яки мынаў ири философиялық проблеманы ҳәм оның менен байланыслы болған предметлерди алып қарайды. Бул философиялық билимлердиң ишки бөлеклениўи, оның дифференциациясы, тек ғана оқытыўшыдан оқыўшыға, алымнан басқа алымға, бир дәўирден – басқа дәўирге билимлердиң өтиўи менен байланыслы болып қоймастан, философиялық билимлердиң тәртиплескенлиги тийкарынан реальлықтың фундаменталь стурктурасынын, адамнан тысқары дүньяның барлығынан, адамның өзиниң ишки дүньясынан ҳәм «қудайылық» сферасынан, ҳақыйқатлықтың барлық сфераларын өз ишине жәмлеўинен тиккелей байланыслы болады. Соның ушын да уллы философиялық тәлиматларда тийкарынан бир ҳәм тереӊ, инвариантлы философиялық билимниң структурасы айқын сәўлеленеди. Соның менен бирге, тарийхый раўажланыў ўақтында бул фундаментальлық структурада ҳәр түрли зәрүрли өзгерислер жүз берип келди. Оннан тысқары, ҳәр бир ири философиялық тәлиматлар, алдыңғы принципина көре, өз алдына оригинальлыққа ҳәм өзиниң дүлилиси бойынша қайталанбайтуғынлыққа ийе болады, сонлықтан да

философияның структуралары проблемасын конкрет-тарийхийликте қойып, алып қараўғаға зәрүр.

Философияның антикалық дәўирдеги структурасы

Ең бириинши классификация, философиялық билимлерди систамаластырыў Платонның Академиясында ҳәм стоиклердиң мектебинде пайда болды. Философия41 тийкарынан үш бөлимге бөлип алып қаралды – физика, этика ҳәм логика.

Ҳәзирги заман физика – бул тек ғана тәбийий илимлердиң көбисиниң бири. Греклердиң «фюсика»сы – бул өзгеше түрдеги билим болып, ал тийкарынан – «фюсис» ҳаққында барлық илимий билимлер, яғный тәбият ҳаққында бир пүтин илим сыпатында ҳәм материя, ҳәрекет, кеңислик, ўқыт ҳаққында, оннан кейин Космостың қурылысы ҳаққында, аспандағы жулдызлар, жер, суў, ҳаўа, от, минераллар, өсимликлер ҳәм ҳайўанлар түрлери ҳаққында жеке илим сыпатында пайда болған. Греклердиң классификациясында «физика» деп саналы, адамның ақылый искерлигинен ғәрезли емес илимий билимлер есапланған, яғный өз алдына жасайтуғын, өз алдына пайда болатуғын, өзин өзи пайда ететуғын, адамнан тыс ҳәм адамның өзинде өзгертиў ҳәм бузыў қәсийетине ийе болған ҳәмме нәрселер есапланған. «Фюсис» яки тәбият бир пүтин сыпатында – бул ҳеш жерден пайда болмаған, жүзеге келмеген, жасалмаған, жоқ қылып болмайтуғын, мәнги өзи өзи менен өзгеретуғын, денеге ийе ҳәм ҳәрекетте болатуғын болмыс есапланады. Басқаша айтқанда, жасалма нәрселерге қарағанда, «искусство» арқалы дөренген, адамның искерлиги ҳәм ақылы менен исленген нәрселерге салытсырғанда барлық тәбийий нәрселер есапланады.

«Этос» сөзи тийкарынан адамның жүрис турысы, оның ислеген ислериниң сферасы, оның ақылына сай искерлиги, характери, үрп-әдетлери, нызамлары, яғный адамлардың жасаў образы, «минезлери» менен байланыслы болған барлық нәрселер есапланады. Бирақта этиканың

баслы предмети болып адамгершилик, рейим (добродетель) есапланады. Этика жасаў искусствосына үйретиў керек, адамның тийкарғы ҳақыйқый ҳәм ең жоқарғы жақсылық (благо) неде екенлигин аңдап жетиўди үйретеди.

## 2.ЛОГИКА ПӘНИНЕН СЕМИНАР САБАҒЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

«Легейн» грекше – «сөйлеў» дегенди, ал «крюптейн» - сөйлемеў, жасырыў, жасырып қойыў дегенди аңлатады. «Логос» - бул «сөз» ҳәм «ақыл» дегенди аңлатады. Адамның ақыллылығы, антикалық философлардың пикири бойынша, тийкарынан ең дәслеп адамның сөйлеўинде, өзиниң пикирлерин айтыўда, ой-пикир жүритиўде өз көринисин табады. Ҳәм «Фюсис» ҳәм «этос» тийкарынан «логоста» ашылады, пайда болады. Егер логос бул затларды, нәрселерди, қубылысларды ҳәм ис ҳәрекетлерди сөйлеўде, сөз арқалы түсиндириў болып есапланатуғын болса, көбинесе илимде, тийкарынан бириншилик мәниске ийе болады, соның ушын да логосты алып қараў ҳәм изертлеў зәрүрият болып есапланады. Ақыл өзин өзи алып қарайды ҳәм өзин өзи изертлейди. Ойлаў ҳәм сөйлеў болса өзгеше илимниң, яки «логиканың» изертлеў предметине айланады. Логика – бул ақылдың өзин өзи аңлап жетиўи, ойлаў ҳаққында илим, себеби ол өзин сөзде, пикирлеўлерде сәўлелендиреди.

Солай етип, ең биринширлерден болып, үш реаль – тәбият, жәмийет, ойлаў, яғный (материальлық, социальлық, руўхый) сфераларға туўра келетуғын, философиялық ойлаў ҳәм изертлеў тараўындағы, үш тийкарғы философиялық проблемалар ҳәм философиялық илимлер, дисциплиналар пайда болды. Соңынан еки мыңнан артық жылдың өтиўи менен барлық философия тарийхында ең ири энциклопедист-систематиклердиң бири болған Гегель өзиниң «философия үш тийкарғы бөлек бөлимлерге бөлинген, бөлинип келген ҳәм ҳәмийше бөлинетуғын» деген пикирди атап өткен. Булар тийкарынан оның өзиниң тәлиматында үш атама, яғный

логика, тәбият философиясы ҳәм руўх философиясы атамалары менен белгили.

Бирақта биринши әсирде үш тийкарғы философиялық дисциплиналарға және биреўи, төртинши дисциплина қосылды. Аристотельдиң қол жазбаларының билимданлары ҳәм оны жыйнаўшылар болса, оларды атап көрсетилген үш топарға бөлип алып қарап, бир нәрсени аңлап жетти, яғный, олардың бир бөлеги, теориялық жақтан зәрүрли ҳәм тереӊ мәниске ийе болып, дисциплиналардың ҳеш қайсысына кирмейтуғынлығын атап өткен. Бул қол жазбаларда ең улыўма мәселелер, бар болған, жасап атырған нәрселердиң ең биринши басламалары ҳаққында, бар болғанлық ҳаққында, улыўма ҳәм жеке алғанда, «құдайылық» ҳаққында қаралған болып табылып, Аристотельдиң өзи пайда еткен ҳәм өзи жаңа илимге киргизген «биринши философия» ямаса «эпистеме теологикэ» атлы, яғный «құдайылылықты билиў» деген жаңа илим пайда болды.

**3.ЛОГИКА ПӘНИНЕН ӨЗ-БЕТИНШЕ ЖУМЫСТЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ**

Бул қол жазбалар «логика – этика – физика» атлы дисциплиналар қатарында жайласқан болып, «фюсика» атлы қол жазбасынан кейин жайласып, тийкарынан «та мета та фюсика», яғный сөзбе сөз аўдарғанда «физикадан кейинги» дегенди аңлататуғын және де бир дисциплина орын алды. Бир неше жүз жыллардан кейин, яғный орта әсирлерде болса, усы төрт грек сөзлери «та мета та фюсика» тийкарынан бир латын сөзине айланып, metaphysica, «метафизика» дегенди аңлатты. Ҳәзирге дейин бул «метафизика» аты менен Андроник Родосскийдиң классификациялық қатарында кейинде, бирақ улыўмалығы, зәрўриятлылығы ҳәм тереңлилиги бойынша биринши туратуғын философиялық билимлер тараўының бири болып табылады.

Аристотельдиң текстлеринде илимлердиң, соның ишинде

философиялық илимлердиң, улыўма классификациясын көриўге болады. Аристотель тәрепинен адамлардың барлық билимлериниң жыйындысы тийкарғы үш түрге бөлинеди: «Теоретикэ» (теориялық), «практикэ» - практикалық, әмелий ҳәм «пойэтикэ» (өз ишине «технэ» (техникалық) ҳәм «механэ» (механикалық), яғный ҳәзирги дәўир тили менен айтқанда технологиялар менен байланыслы болған болып бөлинеди. «Пойэтикэ» болса – бул билим-искусство аталып, адамның шеберлиги, оның дөретиўшилик искерлиги менен байланыслы болған ҳәм тийкарынан ислеп шығарыўға бағдарланған болған. Аристотельдиң пикири бойынша ең керекли, зәрүрли искусство болып медицина есапланған. Ал жоқарыда атап өткен биринши ҳәм екинши билимлер (теориялық ҳәм практикалық) олар тийкарынан философияны қураған.

Теориялық философия - өз гезегинде төртке бөлинетуғын илимди қурайды. Олар тийкарынан – логика, математика, физика ҳәм теология (биринши философия, метафизика). Бирақ логика өзгеше орынға ийе. Ол басқа илимлер ушын қурал яки «органон» болып есапланады. Логика бизлерге дүнья, болмыс, қандай-да реаль объектлер ҳаққында ҳеш бир билим бермейди. Ол тек ғана бар болған барлық анық объектлер ҳаққында ҳақыйқый билимди алыў ушын тәртиплерди орынлаў керек, зәрүр болған, улыўма формальлық қағыйдаларға силтеме береди. Физика, математика ҳәм теология – булар теория болып, ҳақыйқый болмысты, реальлықты қабыл етиў процесси есапланады. Булар – бар ҳаққында»ғы илимлер, яғный ҳақыйқатынанда бар нәрселер: 1) Денеге ийе ҳәм ҳәрекетте болатуғын болмыс (тәбият ҳаққында); 2) Ҳәрекетте емес, бирақ денеден абстракласқан (кеңислик ҳәм санлар); 3) денеге ийе емес ҳәм ҳәрекетте емес (қудайылық) ҳаққында. Соңғы, яғный «қудайылықты билиў» атамаға ийе болған илим, кейиншелли «метафизика» атамасын аңлатты.

Практикалық (әмелий) философия, Аристотельдиң түсиндириўлери бойынша, «искусство» да, «илим» де емес. Ол «бар нәрсе» ҳаққында,

адамның искерлиги ҳаққында сөз етпейди, оның предмети болып тийкарынан «минез-қулық», адамның қылықлары, яғный, басқаша айтқанда, адамның өзи сыяқлы басқа адамларға бағдарланған искерлиги болып есапланады. әмелий философия – буд адамлардың тәбиятқа болған қатнасы емес, ал адамлар арасындаға қарым-қатнас ҳаққындағы билим есапланады. «Технология» болса адамлардың затлар менен ара қатнасын атап көрсететуғын болса, ал практикалық философия шахслар арасындағы қатнасты көрсетеди. Егерде теориялық философияның мақсети – ҳақыйқат болатуғын болса, онда практикалық философияның мақсети – благо, яғный ийгилик, бахыт, жақсылық болып табылады. Аристотельдиң мектебинде практикалық философия кейинен шахс, шаңарақ ҳәм мәмлекеттиң ийгилиги, жақсылығы ҳаққында этика, экономика ҳәм сиясат болып үшке бөлинди.

Философияның Платон ҳәм Аристотель тәрепинен бөлиниўи кейиншелли, орта әсирлер схоластикасына да өтти, бул жерде европалы университет философиясына, буған ҳәзирги жоқары таълим киреди. Илимлердиң орта әсирлерде классификацияланыўы, төрт, яғный теология, юридика, медицина ҳәм философия факультетлерине ийе болған университетлер структурасында сәўлеленди.Теология, юридика ҳәм медицина жоқары болып есапланып, ал философия болса – төменги, таярлық болып табылып, философиядан оқытыў басланған екен. Университетлер тийкарынан философларды, яғный «философияның» қәнигнелерин таярлап шығармаған, бирақ олар юристлерди, шыпакерлерди ҳәм богословларды, яғный теологларды таярлаған. Улыўма «философиялық» билимлерге ийе болып, «искусство бакалавры» дәрежесин алғаннан соң, студент кейин ала қәнигеликке ийе болып ҳуқық, медицина ҳәм теология илимлериниң «магистри» ямаса «докторы» дәрежелерине ийе болып шәртли түрде иске асатуғын еди. Философиялық факультет «артистический» деген атама менен де аталып, ол тийкарын «art» сөзи, яғный искусство дегенди

аңлатып, орта әсирлер «философиясына» кириўши «жети еркин искусство» факультети атамасы менен де аталып, оған тйикарынан: грамматика, риторика, диалектика («тривиум»), арифметика, геометрия, атсрономия, музыкалық гармония (квадривиум») киретуғын еди. Ҳәзирги заман «философия» сөзине сол орта әсирлерде болған илимлерден тек ғана «диалектика» атамасындағы  илим (Аристотельдиң логика ҳәм билиў теориясы) туўра келеди.

Бирақ та Орта әсирлерде жоқарғы ҳәм зәрүрли философияның мәселелери теологияның қурамына кирди. Орта әсирлердиң ең ири философлары – булар тийкарынан ең ири иудаизм, христианшылық ҳәм мусульман динлериниң богословлары (теологлары).

Платон ҳәм Аристотельге салыстырғанда олар тийкарынан еки билиў дереги ретинде «ақылдың тәбийий жақтылығын» ҳәм «жоқарытәбийий илахий жақтыны», яғный билимди олар екиге бөлип көрсетип, олар тийкарынан адам өз күши менен таба алатуғын билимлер ҳәм оған Қудай арқалы илахий күшлер тәрепинен берилетуғын билимлерли атап көрсеткен.

Қудайды философиялық билиў – тәбийий теология деп аталып, Библия текстлериндеги «теологиядан» парықланады. Тәбийий теология латын атамасындағы «метафизика» атын алды.

Орта әсирлердиң ең ири философы Фома Аквинский метафизиканы, тәбийий теологияны ҳәм «биринши философияны» бир илим сыпатында алып қарады, яғный руўхый дүнья, материальлық емес барлық, улыўма ҳәм универсальлық, басқаларға норматив ҳәм нызамлы болатуғын илимлер деп атап көрсетти. «Метафизика» атамасы болса жоқары сезиўликти билиў деп аталып, тийкарынан бул диний-философиялық мәнис европалы университетлер ушын традиция болып есаплана баслады.

## Тәкрарлаў ушын сораўлар

1. Ҳәрекет материяның өмир сүриў усылы сыпатында
2. Наўайының философиялық дүньяға көз қарасы
3. Философиялық билимниң илимий билимлер менен қатнасы.
4. Сана ҳәм ерк, эмоция, психика.
5. Араб философиясы.
6. Кеңислик ҳәм ўақыт философиялық категориялар сыпатында

.

## Әдебиятлар

1. И. А. Каримов Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы Н, 1993.

2. И. А. Каримов Өзбекстанда жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўдың тийкарғы принциплери Н. , 1995.

3. И. А. Каримов Узбекистон буюк келажак сари Н. , 1998.

4. Основы философии Т. , 1998.

5. И. Рахимов Фалсафа Т. , 1999.

6. Введение в философию М. , 1989.

## 3-Тема: ЛОГИКА ИЛИМИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ БАСҚЫШЛАРЫ

***Реже:***

1. Рефлексия қубылысының мәниси ҳәм мазмуны
2. Филсофиялық пикирлеў стилиниң өзгешеликлери
3. Критикалық ойлаў ҳәм категориалық анализди раўажландырыў усыллары

**Таяныш тусиниги:** *рефлексия, пикирлер ушыўы, өзликти аңлаў, сәўбетлесиў, фантазия*

### 1.РЕФЛЕКСИЯ ҚУБЫЛЫСЫНЫҢ МӘНИСИ ҲӘМ МАЗМУНЫ

XIV-XVIII әсирлерде философияның проблематикасында, мазмунында, характеринде, оның ўазыйпаларында, ҳәзирги заман тәбияттаныў илими, яғный экспериментальлық-математкиалық физиканың пайда болыўы менен байланыслы жәмийеттеги тутқан орнында терең өзгерислер жүз берди. Тийкарғы авторители орынды ҳәм традицияны болса ҳақыйқый илимий билимлерди алыўда жаңа методларды табыў болып есапланды, философлардың ҳәм алымлардың орайлық дыққатын методология ҳәм билиў теориясы мәселелери ийеледи. Жаңа илим ҳәм философияның тийкарын салыўшылары деп, классикалық эмпиризмниң ҳәм классикалық рационализмниң методологиясын пайда еткен Бэкон ҳәм Декарт есаплайды.

Бэконның классификациясының өзгешелиги сонда, ол оның тийкарына жаңа, субъективли принципти қояды: билим бул жерде руўхтың қабилетине қарай тийкарғы түрлерге бөлинеди. Тийкарғы билим алыў қабилетлер үшеў, олар: ес, ақыл (логикалық пикир жүрите биллиў уқыплылығы) ҳәм қыял киреди. Есте тарийх тийкарланған болса, ал ақылда философия тийкарланған деп белгилейди. Ал қыялда болса – поэзия. Кейин Бэкон тарийхты тәбийийге  (тәбият тарийхына) ҳәм пухаралық (жәмийет тарийзы) деп бөледи.философияға болса тәбийий

теология (Кудай ҳаққында тәлимат), математика (тәбият ҳаққында тәлиматқа қосымша тәлимат), физика (барлықтың материальлық ҳәм ҳәрекет етиўши себерлери ҳаққында), метафизика (тәбиятта формалар ҳаққында ҳәм ақырғы себеплер ҳаққында тәлимат), механика ҳәм магия (физиканың ҳәм метафизиканың парктикада қолланылатуғын бөлеги сыпатында), антропология (адам ҳаққында тәлимат).

Оннан кейин адам ҳаққында тәлимат өз алдына екиге, яғный дене ҳаққында тәлимат (медицина, косметика, атлетика ҳ.т.б.) ҳәм руўх ҳаққында тәлимат (бул жерде ол психологияны, этиканы, сиясат ҳәм логиканы өз ишине қамтыйды).

Декарттың пикири бойынша «барлық философия терекке уқсайды, оның тамыры ретинде - метафизика, өреси болса – физика, ал оннан пайда болған шақалары ретинде – барлық басқа илимлерди, тийкарынан үш илимге алып келиўши, яғный медицина, механика ҳәм этика киреди. Кейинги илимниң (этика) ишинде мен минез қулық ҳаққындағы ең жоқарырақ ҳәм жеткиликли илимлерди есаплайман; ол басқа илимлерди билиўде толық ҳәм жоқары даналыққа ерисиўдеги ең ақырғы текше» деп атаған. Солай етип, Декарттың пикиринше, барлық илимлер метафизикаға тийкарланады. Метафизика болса математикаға қарағанда фундаментальлыққа ийе ҳәм ҳақыйқат болып есапланады. Ал басқа илимлер болса эткиа илиминиң көрсетип берген мақсетлерине хызмет етеди. Метафизикасыз барлық илимлер дәлиллениўлигин ҳәм ҳақыйқыйлығын жоғалтады, ал этикасыз олар мазмун ҳәм мақсетин жоғалтады. Метафизика Жаңа дәўир басында теологиядан бөлекленип шығып, енди болса ол жоқарытәбийий дүнья ҳаққында тәлиматты аңлатпайды. Бэкон ҳәм Декарт «метафизика» түсинигине ең биринши Аристотельдиң берген мәнисин қайтарады, бирақ бул жерде «кудайылық билиў» метафизиканың тийкарғы мәселелериниң бири болып қалса да, мазмунына қарай ол «ең биринши себеп ҳәм басламалар ҳаққындағы»

илим болып есапланады.

Тәбиййики, бул илимий-философиялық билимниң структурасы ең анық ҳәм толық түринде тек ғана сол ойшылларда, яғный логикалық байланыс, анықлық, избе-излик, өзиниң тәлиматының дәлиллениўшилиги ҳәм толығына дәслепки дыққатты аўдарған. Усындай түрдеги философияның тәрепдары ретинде XVIII-әсирдиң немец ағартыўшысы Христиан Вольф болған. Ол дүнья, әлем ҳаққындағы барлық билимлердиң жыйындысын тәртиплестирилген, дәлилленген ҳәм систематикалық формада көрсетип бериўге ымтылды. Соның ушын да И.Кант Вольфты «догматикалық философлардың ең уллысы» деп атап, бул жерде «догматикалық метод» түсиншесинде «догматизма» емес, ал «философияның систематикалық (илимий) структурасы нәзерде турыпты.

Вольф философияны антикалық традицияға сүйенген ҳалда, ең дәслеп үш бөлимге бөлди – логика, теориялық философия ҳәм праткикалық философия. Логика – бул формальлық илим, яғный ол тек ғана ҳәр қандай ойлаўдың ҳәм билимлердиң бир улыўма формасын изертлейди. Логика – бул философияның «пропедевтика»сы, яғный объектлерди билиўден алдын алдыннан таярланыў, билиў органының, ойлаўдың тренировкасы.

Екинши ҳәм үшинши бөлимлери – «мазмунлы», яғный олар объектлер ҳаққында билим береди, ал тийкарынан объектлери ҳәм предметлери билиў уқыплылығы (теориялық философия) ҳәм қәлеў уқыплылығы (практикалық философия). Теория - ҳақыйқатты, ал практика болса – жақсылықты (благо) өзиниң мақсети ретинде алып қарайды. Философияның ҳәр бир мазмунлы бөлимлери, және де өз алдына бөлинип, рациональлық, ямаса таза, ҳәм эмпирикалық, ямаса практикада қолланылатуғын (прикладная) болып бөлинеди. «Таза» илим – бул теориялық болып, тәжирийбеге тийкарланбастан, тек бир ақылдың түсиниклеринен қурылатуғын ҳәм қурылыўы мүмкин болған илим есапланады. Практикада қолланылатуғын илим болса, өз гезегинде таза

илимниң бөлек, өзгеше ҳәм жеке жағдайларда қолланылады ҳәм тәжирийбеге де, ҳәм сезиўлик қабыл етиўге (восприятие) де (эмпирия) тийкарланады.

## 2.ФИЛСОФИЯЛЫҚ ПИКИРЛЕЎ СТИЛИНИҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Эмпирикалық (прикладлы) практикалық философия, Аристотельдиң классификациясы сыяқлы, – бул этика, экономика ҳәм сиясат болып табылады. Таза (рациональлық) практикалық философия – тәжирийбеден ғәрезсиз болған, ақылда ҳәм адамның өзиниң тәбиятында негизленетуғын ҳәр қандай нызамлылықтың биринши тийкарламасы болған «тәбийий ҳуқық» есапланады. Прикладлы (эмпирикалық) теориялық философия – бул физика, яғный тәбиятта денелердиң байланысы ҳаққындағы илимди, өз ишине механиканы, телеологияны, яғный мақсетке бағдарланған себеп ҳәм адамның пайдасы ҳаққындағы илимди, ҳәм денелердиң ҳәр қыйлы түрлери ҳәм олардың жеке ҳәрекетлери ҳаққындағы көп санлы жеке илимлерди (астрономия, геология, минералогия, ботаника, зоология, медицина, бағларды пайда етиў (садоводство), баллистика ҳ.т.б. өз ишине қамтыйды.

Барлық илимлердиң басламасын ҳәм тийкарын таза теориялық философия, басқаша айтқанда метафизика қурайды. Метафизика, Вольфтиң пикиринше, өзиниң тәртиб саны ҳәм әҳмийетлиги бойынша ең биринши қатарда туратуғын илим, адамлардың барлық билимлер системасындағы ең баслы илим, ең жоқары ҳәм ең дәлилленеиўшең илим болып табылып, ол тийкарынан басқа барлық илимлерге ҳәм адамлардың барлық практикалық искерлигине абсолют беккем ҳәм ҳақыйқатлыққа туўра келетуғын тийкарды бере алатуғын болыўы керек, себеби ол өз ишинде адамның барлық билиўиниң тийкарғы ҳақыйқатларды қамтыйды. Яғный, метафизика – бул Қудай, дүнья, руўх ҳәм улыўма барлық затлар ҳаққындағы қатты талап ететецғын, рациональлық илим болып есапланады. Кимде ким метафизиканы билетуғын болса, онда ол барлық

илимлерде анық, терең ҳәм тийкарлы пикирлейди; кимде кимниң метафизика ҳаққында түсиниги болмаса, онда оның ҳеш бир нәрседе анықлығы жоқ – теологияда, медицинада, юриспруденцияда, моральда, күнделикли өмирде, себеби оның тийкарында бирдей улыўма түсиник ҳәм принциплер турыпты. Метафизика рациональлық билим, яғный тек ғана бир түсиниклер арқалы билиў болып табылады.

Метафизика өз гезегинде төрт илимнен ибарат: онтология ямаса «улыўма метафизика», ҳәм үш арнаўлы (жеке) метафизикалық илимлерден турады - рациональлық космология, яғный дүнья ҳаққындағы илим, рациональлық психология, яғный руўх мәнги жасайтуғын субстанция сыпатындағы илим, ҳәм рациональлық теология, яғный Құдай ҳаққындағы философиялық тәлимат.

Метафизиканың өзегин «баслы илим» қурамындағы «тийкарғы илим» есапланатуғын онтология қурайды. «Онтология» термини (сөзбе-сөз аўдармасы «болмыс ҳаққындағы» тәлимат) «метафизика» (және де «онтософия», «биринши философия», «архитектоника») сөзлериниң синонимы сыпатында философияға XVII-әсирде Гоклениус тәрепинен ойлап табылды ҳәм киргизилди. Бирақ та Вольфтың мектебинде ол метафизиканың ең биринши ҳәм ең тийкарғы, әҳмийетли бөлегин аңлатқан болып, тийкарынан, бизлердиң билиўимиздиң биринши тийкарламасы ҳәм улыўма барлық затлар ҳаққындағы, яки нағыз ҳақыйқаттың улыўма предикатлар ҳаққындағы илимди аңлатты.

Онтология, басқаша айтқанда, адамлардың абстрактласқан түсиниклерин, яки категорияларды, ҳәм оларға «улыўма барлық затлардың» қәсийетлериниң тән болғанын бирден бирин толық пайда етеди, санап өтеди ҳәм изертлейди. Үш жеке метафизикалық дисциплиналарда сондай өзгеше предметлерди билиў ҳаққында сөз етиледи, - ҳәм дүньяға көз қарастың ең тийкарғысы (Құдай, дүнья бир пүтин сыпатында ҳәм субстанция сыпатында руўх), олар тек ғана таза ақыл

менен түсинип алыныўы лазым.

## 3.КРИТИКАЛЫҚ ОЙЛАЎ ҲӘМ КАТЕГОРИАЛЫҚ АНАЛИЗДИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ УСЫЛЛАРЫ

Философияның ең соңғы уллы энциклопедиялық системалары, адамның билиўиниң барлық иморатының улыўма контурын пайда етиўи менен бирге, XVIII-әсир ақыры – XIX-әсирдиң басларында Германияда Кант ҳәм Гегель тәрепинен жаратылған ҳәр қыйлы философиялық илимлердиң ҳәм дисциплиналардың анық бөлиниўине бағдарланған еди.

Вольфтиң систематикасынан келип шыққан ҳалда Кант, оған төмендеги әҳмийетли өзгерислерди киритти.

- бириншиден, ол философияның еки «догматикалық» мазмунлы бөлегин алдыннан ала критика менен, яғный адамның руўхының қабылетлерине туўра келетуғын (мүмкиншиликлерин ҳәм шегарасын изертлеў арқалы) – (таза ақылдың) билиўлик қабылетлери ҳәм қәлеўлердиң қабылетлери (ерк, ямаса таза практикалық ақыл) менен толықтырды. Усы алдыннан ала критиканы Кант өзиниң предмети ретинде, улыўма традициялық формальлық логикадағыдай болмаған, ақылдың өзин алып қарайтуғын сондай философияны трансценденталлық философия деп атады. Трансценденталлық философия тийкарынан ақылдың оның априорлық, қабылетине қарағанда, яғный тәжирийбеге тийкарланбайтуғын, предметлерди билиў – барлық болыўы мүмкин предметлерди билиўдиң, сондай-ақ, метафизиканың өзгеше предметлерин – Қудай, дүньяны ҳәм субстанция сыпатындағы руўхты билиўди изертлейди;

екиншиден, философияның традициялық үш бөлегине төртиншини киритти – «пикирлеў уқыплылығының критикасын», ол өз гезегинде, өз ишине эстетиканы, яғный (гөззаллық ҳәм көтеринкилик философия, ҳәм искусство филсофиясын) ҳәм тәбияттағы органикалық пүтинлик

ҳаққындағы тәлимат болып есапланатуғын телеологияны, яғный (биологиялық мазмундағы өмир философиясын). Буннан тысқары Кант, антропологияны, яғный «прагматикалық қатнаста» адам ҳаққындағы тәлиматты философияның тийкарғы әҳмийетли бөлими ретинде бөлип көрсетти. Философиялық антропология «тәбият адамды жаратты» деген пикирди жүритпейди, яғный адамды тәбийий маҳлуқат сыпатында алып қарамайды, ал оның, яғный адам ақылый, еркин маҳлуқат сыпатында «өзинен өзин пайда етиўи мүмкин» деген пикирди алға сүреди. Кант теориялық ҳәм практикалық философияның «таза» (рациональлық) бөleклерин көрсетип бериў ушын, тәбият метафизикасы ҳәм минез-қулық метафизикасы терминлерин енгизди.

Адамның билиўлик уқыплылығын, билиў процессиниң нызамларын, оның элементлерин ҳәм формаларын, оннан тысқары оның (билиўдиң) мүмкиншиликлерин ҳәм шегараларын, ҳәм және де биринши орынға философияның тийкарғы сораўларының арасында «Мен не биле алыўым мүмкин?» деген сораўды қойып, философия системасының дүзилисине алдыннан ала критикалық изертлеўди айтқан болса, онда кейинги философлар оның тәлиматында дәслебинде билиў теориясын, яғный гносеологияны («гносис», грекше, - билим) көрди. Тийкарынан Канттың ҳәм Жаңа дәўир британиялық эмпиризмниң тәсиринде (әсиресе Локктың ҳәм Юмның), билиў теориясын XIX-әсирден баслап философияның әҳмийетли және де ең зәрүрли бөлеги сыпатында алып қаралып, өз гезегингде оған барлық философия да кириўши деп есапланды. Кейинги көз қарастың тәрепдарлары оны бундай аргументлер менен тәриплейди: дүнья ҳаққындағы билимди тек ғана анық илимлер бере алады. Философия – бул дүньяны, тәбиятты яки болмаса жәмийетти билиў емес, ал билиўди билиў болып табылады. Ол илимниң тийкарын түсиниўи, мазмунын билиўи керек, илимниң адамлар өмириндеги тутқан орнын, илимий билиўдиң адамның искерлиги ҳәм оның өмирлик тәжирийбесиндеги басқа билиўлик

формалар арасындағы орнын анықлаўы керек.

Философияның структурасын түсиниўде әҳмийетли өзгерислер Гегель тәрепинен ҳәм киритилди. Оның философияны үш бөлекке бөлиўи, яғный **логика, тәбият философиясы ҳәм руўх философиясы** традициялы көриниске ийе (логика – физика – этика). Бирақта Гегельдиң «логика»сы – бул дәслепки логика ҳәм метафизиканың бир бириниң ишине кирип кететуғын улыўма жаңа илим есапланады, себеби Гегельдиң тәлиматы тийкарынан ойлаўдың ҳәм болмыстың диалектикалық бирдейлик (уқсаслық) принципинен келип шығады. Соның ушын да, оның «логика»сы - бул ойлаў ҳаққындағы тәлимат, соның менен бирге болмыс ҳаққындағы тәлимат, яғный онтология есапланады. Ҳақыйқат болмысқа туўра келетуғын ойлаў болса, - бул – қудайылық ойлаў, ямаса Қудайдың өзи есапланады. Соның ушын да, Гегельдиң логикасы – бул оның философиялық теологиясы. Ол тийкарынан абсолют «ойлаў» ҳәм «абсолют идеяның» ўақыттан ҳәм кеңисликтен тысқары «ҳәрекетин» ҳәм «раўажланыўын» тәрийплеп береди. Усыған муўапық, улыўма алдынғы принципке көре «физика» ҳәм «этика»ның, яғный тәбият философиясы ҳәм руўх философиясы бир бирине қатнасы да, олардың «логика»ға қатнасы да  басқаша жаңаша түсиндириледи.

Традициялы, «формаллық» логиканы белгилеў ушын ғана емес, ал ойлаўдың раўажланыўы ҳаққындағы философиялық тәлиматты, яғный диалектика тийкарында болмыс, билиў ҳәм ойлаў ҳаққындағы тәлиматларды, яғный онтология, гносеология ҳәм логиканы өз ишине қамтып, бир бири менен бир пүтин ретинде байланыстыратуғын Гегель тәрепинен диалектикалық логика термини пайда болды. Гегельдиң бул идеясы материализм принципине тийкарланған марксизм философиясында да қайта көрилип шығылды. Оның тийкарында да диалектикалық логида болып, ол қудайылық Логостың раўажланыўы ҳаққында емес, ал адамның затлық-практикалық, мийнет искерлиги нәтийжесинде адам билиўиниң

тарийхий раўажланыўы ҳаққында сөз етеди.

Гегельдиң кең ҳәм детальлы ислеп шығылған системасында жəне де философияның өз бетинше бөлимлери сыпатында, дəслебине искусство философиясы болған болса, Гегельде ол эстетика деп аталып, ҳəм де дин философиясы, Философияны оқытыў методикасы, тарийх философиясы, философия тарийхы бөлинип шығылды.

### Тәкрарлаў ушын сораўлар

1. Дүньяға көз қарас, оның дүзилиси ҳәм тийкарғы типлери қандай?
2. Әййемги Ҳиндистан философиясы қандай?
3. Орайлық Азияда философиялық ойдың қәлиплесиўи қандай?
4. Диалектиканың тийкарғы нызамлары қандай?

### Әдебиятлар

1. И. А. Каримов Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы Н, 1993.

2. И. А. Каримов Өзбекстанда жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўдың тийкарғы принциплери Н. , 1995.

3. И. А. Каримов Узбекистон буюк келажак сари Н. , 1998.

4. Основы философии Т. , 1998.

5. И. Рахимов Фалсафа Т. , 1999.

6. Введение в философию М. , 1989.

# 4-Тема: ФОРМАЛ ЛОГИКАДА ПИКИРДИҢ ШЫНЛЫҒЫ ӨЛШЕМИ

**Жоба:**

1. Лекция оқыў процессиниң тийкарғы формасы сыпатында
2. Лекцияның эвристикалық ҳәм тәрбиялық мазмуны
3. Лекцияны таярлаўда тийкарғы басқышлары ҳәм олардың мазмуны
4. Лекцияның логикасы ҳәм структурасы

***Таяныш сөзлер:*** *бинарлық лекция, лекция презентация, проблемалық лекция, технологиялық карта, модул,*

## 1.ЛЕКЦИЯ ОҚЫЎ ПРОЦЕССИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ФОРМАСЫ СЫПАТЫНДА

Лекция сөзи латын сөзи *«lectio»* - оқыйман дегенди аңлатады. Информацияны еситтириў яғный трансляция етиў ҳәм оқытыў методы сыпатында бирден, бирдей ўақытта бир неше аймақта шама менен б.э.ш. биринши мың жыллықтың орталарында философияның пайда болыўы менен пайда болды. Элладада ең биринши план бойынша философиядан лекция сабақлары софистлер тәрепинен алып барылды, оннан кейин Платонның Академиясы, Аристотельдиң Ликейинде дискуссия ҳәм философиялық проблемалардың биргеликте талқылаўы менен барабар пайдаланылды ҳәм сол атап өтилген оқыў орынларында тарқалды. Ҳиндистан философиясы тарийхында лекция буддийстлик монастырлердиң пайда болыўы менен бирге, оқытыўшының билимин оқыўшыға оқытыўшылар санының кем болғанлығы ҳәм оқыўышылар санының көп болғанлығы нәтийжесинде пайда болды. Ҳиндистанның атақлы лекторлары Васубандху, Сангхабхадра, Прашастапада ҳәм басқалар болып табылды. Шама менен сол ўақытта Қытайда лекцияны оқыў методы пайда болып, кең философиялық оқытыўдың тәрепдарлары сыпатында грек софистикасына уқсас болған мин-цзя, ямаса бяньчже мектеби пайда болды. Орта әсирлер Европада лекция кеңнен тарқалып, ол

диспутлар менен барабар тыңлаўшыларға билимлерди жеткериў бойынша тийкарғы рольди атқарды. Сол ўақытта китаплар шенде шен табылып, олар ноёб есапланып, монастырларда ҳәм ири университетлерде бар болған. Ислам оккупациясы дәўиринде Кордовада жайласқан китапханада китаплардың саны, христианлардың қол астында болған барлық европалық китапханаларға салыстырғанда көп болған екен. Ең дәслеп лекция китаплар тексти ямаса китаптың дәптерге көширип жазылған текстлери сыпатында публика алдында оқылған, оннан кейин ядқа алып оқыў лекция деп аталған. Кейиншелли лекция өзиниң айырым позициясын оқытыўдың басқа формаларына, яғный информацияның көбейип барыў дәрежесиниң қолайласыўы менен кеңнен тарқалып атырған диспутқа, кейин семинарлар, рефератлар, өз бетинше жумысларға ҳ.т.б. орын берди. Бирақ иа лекция оқытыў формаларының арасында, жоқары ҳәм орта оқыў орнында, әсиресе жаңа информацияны үйрениўде тийкарғы рольди атқарады.

Лекция – бул оқыў материалының логикалық избе-изли, системалы терең ҳәм анық баян етилиўи. Оқыў процессинде ҳәзирги лекцияның әҳмийетлилиги тема бойынша барлық информацияны жеткерип бериў емес, ал курстың фундаментальлық проблемаларын үйренип алыўда жәрдем бериў, илимий билиўдиң методларын менгерип алыў, илимий пикирлердиң жаңа жетискенликлериниң усыныў болып табылады. Оқыў процессинде лекция методологиялық, шөлкемлестриўшилик ҳәм информациялық функцияларын атқарады. Айырым ўақытларда болса, яғный таза курслар бойынша оқыўлық, оқыў қолланбалар жоқ болған ўақытта лекция информацияның тийкарғы дереги болып есапланады. Лекция билимниң конкрет областында түсиник аппаратын ашып береп, оның проблемаларын, предмет ҳаққында бир пүтин түсиниклер, басқа дисциплиналар менен байланысын көрсетип береди. Оқыў процессинде оқыў сабақларының барлық басқа формалары – семинарлар, лабораториялық жумыслар, курс ҳәм питкериў кәнигелик проектлер, оқыў

практика, консультациялар, зачет ҳәм экзаменлер – лекция менен тиккелей байланыслы болып, фундаментлалльлық түсиниклерге ҳәм жуўмақларға тийкарланады.

Лекцияның:

- Сабақтың барысын лектор толық планластырады ҳәм қадағалайды.

- Үлкен аудиторияны өз ишине қамтып алыў мүмкиншилиги бар.

- Бир оқыўшыға кем финанслық шығымлар.

Лекцияның кемшиликлери:

- Лектордың сапалы билим жеткерип бериўиндеги шеберлигине жоқары талаплар.

- Лектордың монологи ҳәм оқыўшылардың төмен тартылыўы (қатнасыўы) ҳәм оқыўшылардың кем төмен активлилиги, айырым ўақытлары – материалды өзлестириўи төмен дәрежеде.

Лекцияның төмендеги түрлерин айтып өтсек болады:

**Кирис лекция** оқыў предмети бойынша ең биринши бир пүтин мағлыўматты береди ҳәм студентти жумыс барысында усы курс бойынша бағдарлайды. Лектор студентлерди курстың мақсети, ўазыйпалары, оның роли ҳәм дисициплиналар системасында тутқан орны ҳәм келешекте кәнигени таярлаўдағы орны менен таныстырады. Курсқа қысқа шолыў жасалады, илим ҳәм әмелияттың раўажланыў дәўирлери, усы сферадағы жетискенликлери, атақлы илимпазлардың атлары, изертлеўлердиң перспектив бағдарлары баян етиледи. Бул лекцияда курс шегарасында методикалық ҳәм шөлкемлестириўшилик жумыслардың өзгешелиги айтылады, оннан кейин студентлерге усынылып атырған оқыў-методикалық әдебиятлардың анализи бериледи, есабат тапсырылатуғын ўақты ҳәм формасы анықланады.

**Лекция-информация.** Бул лекция студентлерге түсинип жетиў ҳәм еске алыў ушын илимий инфомацияны баян етип ҳәм түсиндирип бериўге бағдарланған болып табылады. Жоқары оқыў орны әмелиятында лекция-

информация лекцияның ең традицион тип есапланады.

**Обзорлық лекция –** жоқары дәрежеде илимий билимлерди систематизациялаў болып табылып, предметлерара байланысларды, детализация ҳәм конкретизацияны есапқа алмаған ҳалда, ашып бериўде баян етилетуғын информацияны түсинип алыў барысында ең көп ассоциатив байланыслар рухсат етиледи. Баян етилетуғын теориялық қвғыйдалар толық курсты ямаса оның айырым бөлимлеринмң илимий-түсиниў ҳәм концептуаль тийкарын қурайды.

**Проблемалық лекция.** Бул лекцияда жаңа билим сораўдың проблемалылығы, мәселе ҳәм ўазиятлар арқалы енгизиледи. Студентлердиң билиў процесси оқытыўшы менен бирге қарым қатнаста болған ўақытта ҳәм ол менен бирге алып барған диалог арқалы изертлеў искерликке жақынласады. Проблеманың мазмуны оның шешиў жолын табыўды шөлкемлестириў жолы менен ямаса традицион ҳәм ҳәзирги заман көз қараслардың жыйындысы ҳәм анализи тийкарында ашып бериледи.

**Лекция-визуализация** лекциялық материалды бериў ўақытында ТСО оқытыўдың техникалық қураллары арқалы ямаса аудовидеотехника (видеолекция) тийкарында әмелге асырылады. Бундай лекцияны оқыў көрсетилип атырған визуаль материаллардың (натураль объектлер – адамларды, олардың ис ҳәрекети ҳәм ислеген қылықлары, сәўбетлесиўи ҳәм сөйлесиўлери; минераллар, реактивлер, машиналардың детальлары; картиналар, сүўретлер, фотографиялар, слайдлар; символикалық, схема түринде, таблица, графиклер ҳәм модельлер түринде) толық ашып берилиўи ямаса қысқаша комментарийдер киритилиўине қаратылған болып табылады.

**Бинарлық лекция** – еки оқытыўшының диалог формасында лекцияны оқыў түри болып (ямаса еки илимий мектептиң ўәкили, ямаса илимпаз ҳәм практиктиң, ямаса оқытыўшы ҳәм студенттиң) болып табылады.

Ең алды менен қәтелер менен планластрылыған лекция студентлердиң ҳәмме ўақытта умынылып атырған информацияның олар тәрепинен қадағалаўына алып келеди (қәтелерди табыў: мазмуный жақтан, методологиялық, методикалық ҳәм орфографиялық). Лекцияның ақырында тыңлаўышылардың ҳәм исленген қәтелердиң талқылаўының диагностикасы алып барылады.

**Лекция-конференция** 5-10 минут узағы ўақыты менен алдын қойылғанпроблемалар ҳәм докладлар системасы менен илимий-әмелий сабақ түринде алып барылады. Ҳәр бир жасалған баянат ҳәм шығып сөйлеўлер, алдын ала оқытыўшы тәрепинен усынылған программа бойынша тийкарынан логикалық тамамланған текстти қурайды. Усынылған текстлердиң жыйындысы проблеманың ҳәр тәреплеме ашылыўына дерек бола алады. Лекция ақырында оқытыўшы студентлердиң өз бетинше жумысларына ҳәм шығып сөйлеўлерине жуўмақ шығара отырып, усынылған информацияны толықтырады ямаса анықлық киритеди, ҳәм тийкарғы жуўмақты формулировкалайды.

**Лекция-консультация** ҳәр түрли сценарийлер бойынша алып барылады ҳәм өтиледи. Биринши варианты «сораў-жуўап» типи тийкарында әмелге асырылады. Барлық курс бойынша ямаса курстың қандай-да бөлими бойынша лектор лекцияға ажыратылған ўақыт даўамында студентлердиң берилген сораўларына жуўап береди. Екинши варианты болып «сораў-жуўап – дискуссия» типии тийкарында әмелге асырылады. Бул лекцияда тийкарынан лектор тәрепинен жаңа оқыў информациясы баян етиледи ҳәм сораўлардың қойылыўы ҳәм қойылған сораўларға жуўап табыўда дискуссияны шөлкемлестириў болып табылады».

Өзгеше дыққатқа ылайықлы роль кирис лекцияға аўдарылады, себеби ол тийкарынан студентти анық бир дисциплина бойынша предметин ҳәм методологиясын қабыл етиў ушын таярлайды. Оқытылып атырған қандай-

да предмет бойынша бир пүтин мағлыўмат бериўде кирис лекция методикалық жақтан студентлердиң усы предметке болған қызығыўшылын арттырыўға бағдарланған болып, қурылыўы шәрт. Курстың актуальлылығын, әмелий әҳмийетлилигин, мақсет ҳәм ўазыйпаларын, усынылған әдебиятлар ҳәм дереклери атап өтилиўи керек. Тематикалық лекциялар болса курстың избе-изликте, системалы түрде баян етилиўине бағдарланған болып табылады. Оқытыўшы узақ даўам ўақытқа терең ойланылған ҳәм методикалық жақтан менгерилген матераилды усынады. Тезислер ҳәм дәллилеўлер, хабарлар ҳәм аргументлер, себеп ҳәм нәтийжелерден келип шыққан ҳалда оқытыўшы билимлердиң логикалық концепциясын ислеп шығыўы керек. Обзорлық лекциялар қандай-да бир проблемаға, темаға арналған болып, белгиленген логикалық байланысқан сораўлардың системаласқан баянламасын береди. Бул лекцияда лектор тез-тез ең қыйын қурамалы проблемаларға, теорияларғы ҳәм методларға тоқтап өтеди. Студентлердиң көп ушырасатуғын қәтелерин табады. Итоглы лекцияларда тийкарғы идеялар ҳәм оқыў мақсетлерге шолыў жасалады. Жуўмақлаўшы лекция қойылған мақсетлерге ерисилиўине жуўмақ жасаўынына имкан береди. Лекцияның барлық түрлери курстың логикалық жақтан ара байланысқан болып табылып, бирдиң бөлегин, бир пүтини болып есапланады.

Лекцияның структурасында үш бөлимди бөлип көрсетиўге болады: кирисиў, тийкарғы мазмун ҳәм жуўмақлаўшы бөлим.

Кирисиў бөлиминде лекцияның жобасы формулировкаланады, лекцияның мақсети, ўазыйпасы белгиленеди, өткен тема бойынша байланыс орнатылады. Берилген әдебиятлар ҳәм дереклер дизими кирисиў бөлиминде, я болмаса лекцияның ақырында бериўге болады. Кирисў бөлимине тийкарынан 508 минут ўақыт адыратылады.

Лекцияның тийкарғы бөлиминде тийкарғы идеялар, сораўлың теориясы сәўлеленеди. Илажы барынша ҳәр түрли аспектлер ҳәм көз

қараслар баян етилгени мақул. Лектордың баҳалаў пикирлери усынылады. Ҳәр бир логикалық бөлимнен кейин жуўмақлар формулировкаланады (бул жерде ҳәр бир логикалық блокты кирис сөз менен баслаў шәрт емес).

Лекцияның үшинши бөлиминде, яғный жуўмақлаў бөлиминде толық бир пүтин тема бойынша удыўмаластырыў ҳәм жуўмақлар бериледи. Кейинги лекциялық материал бойынша презентация қылынады. Оқытыўшы студентлердиң өз бетинше жумысларының бағдарларын белгилейди.

## 2.ЛЕКЦИЯНЫҢ ЭВРИСТИКАЛЫҚ ҲӘМ ТӘРБИЯЛЫҚ МАЗМУНЫ

Тема бойынша жақсы баян жасаў ушын, лекция материалларына жақсы таярланыў керек. Лекцияны таярдаў бойынша төмендеги избе-издиклерди, тәртиплерди сақлаў керек:

Биринши қәдем нении ҳәм қайсы тәртипте баян етилиў кереклигин анықлаўдан ибарат болады. Буның ушын теманың мазмуны анықланады, илгери сүриўши идеялар бөлип алынады, материалдың өзи болса структураларға бөлинеди. Лектор теориялық ҳәм фактлик материалларды қайсы байланыста усыныс етиўин ойлайды. Еки саатлық лекцияда үш ямаса төрт сораўларды қарап шығыў мақсетли болып табылады.

Екинши қәдем тийкарынан тыңлаўшыларға материалдың мазмунын ҳеш жоғалтпастан жеткерип бериўге бағдарланған усылларды излеў болып есапланады. Және де бул жердле айтып өтиўимиз мүмкин лекция даўамында тыңлаўшыларға тийкарғы, изоеги сүриўши идеяларды бөлип алып, оларды жеткерип бериўден ибарат болады. Бул жерде тийкарынан сөз аудитория диалог ҳәм дискуссияға түсетуғын, студентлердиң ойлаў қәбилетлери активлесетуғын методикалық усыллар ҳаққында айтылып атыр.

Үшинши қәдем – лекцияның толық текст яки қысқа тезис сыпатында жазылыўы болып табылады. Материалдың толық тексти еки саатлық

лекция ушын компьютерде терилген 16-17 бетте жайласыўы шәрт.

Төртинши қәдем – жумыстың нәтийжесин тексериў. Исдер шығылған лекция тексти даўыслап оқылыўы керек, ҳәр бир сораўға белгили бир ўақытты ажыратыў шәрт болып табылады.

Лекцияны таярлаў өз ишине сондай зәрүрли компоненти қамтып, ол тийкарынан толық лекциялық сәўбетлесиў есапланады. Эффективли нәтийжеге ерисиў ушын лектор бир қатар талапларды есапқа алыўы керек:

- пикирдиң анық формулировкланыўы, еки мәнисли болмаўы, ҳәм дәлиллеў даўамында өзгермеўи керек;

- үйренилип атырған қағыйдаларды қабыл етип алыў ҳәм түсинип жетиўде тийкарынан көргизбе қураллардан пайдаланыў есапқа алынады; бирақ та аудиторияны иллюстратив материаллар менен жүклей бермеў керек, ол, яғный иллюстратив материаллар тийкарынан бағыныңқлы рольди атқарады ҳәм тыңлаўшылардың дыққатын тәмийинлейди (қандай да бир белгили сораўлардың толық ашылыўына арналған тек ғана керекли материаллар болыўы шәрт, егер иллюстратив материаллар ҳәдден тыс көбирек берилге болса, онда ол аудиторияны шалғытып жибериўи мүмкин);

- шығып сөйлеў ўақтында тез ҳәм аның туўра бағдарланыў керек, тыңлаўшылардың репликаларына итибар аўдарыў керек, ҳәдден тыс қорқыўға ҳәм албырақлаўға жол қоймаў керек;

- тыңлаўшылар менен контакта болыў. Логикалық контакт – бул оқытыўшының ойлаў искерлигине жуўап ретинде студенттиң ойының активлилиги болып есапланады. Психологиялық контакт болса оқытыўшы менен студентлердиң ара дослығын, байланысын тәмийинлейди.

Лектордың жоқары маманлығы яки шеберлиги көп фаторлар тийкарынан пайда болады:

1. Сөйлеген ўақытта лектор, адамды талықтырып, оның дыққатын ҳәм қызығыўшылығын жоқ етип жиберетуғын бир тонлы (монотонность)

сөйлеўден узақ болыўы керек. Соның ушын да лектор өзиниң интонациясын, даўысын, даўысының күшин, баянлаў темпин өзгертип турыўы керек. Дектордың сөзи тийкарынан тек ғанан анықлы, дәлилленген болып қоймастан, ол эмоциональлы болыўы шәрт.

**2.** Материалды тийкарынан жеткиликли, түсинип алатуғын формада баян етиў зәрүр, бул жерде айтып өтиўимиз керек, еки нәрсеге дыққат аўдарылыў шәрт: 1. китабий стильде ҳәм 2. аўызеки формада лекцияны оқыў қадаған етиледи.

**3.** Сөздиң тәсирлилиги, тилдиң образлығы, жақсы сай келетуғын сөзлер, салыстырмалы сөзлер, афоризмлер, юмор тийкарынан интеллектуал ҳәм руўхый көтерилиўине қолай шараят жаратады. Лекцияны оқығанда ямаса сөйлеген ўақытта анық емес айтыў, ацдитория яки тыңлаўшы менен лекциялық қарым-қатнастың бузылыўына алып келеди.

## 3.ЛЕКЦИЯНЫ ТАЯРЛАЎДА ТИЙКАРҒЫ БАСҚЫШЛАРЫ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ МАЗМУНЫ

Алдыннан таярланған материалдың механикалық оқылыўы лектор тәрепинен қатаң қадаған етиледи. Аудитория менен сәўбетлесиў, диалог қурыў усыллары толық бир пүтин қарым-қатнасқа алып келеди. Көбинесе, материалды бериўде сораў-жуўап формасы қолланылады. Диалогтың тийкарынан жасырын ҳәм ашық формалары болады. Диалогтың жасырын форма деп лектор қойылған сораўларға өзи жуўап Берген ўақытта айқын сәўлеленеди. Ашық диалог тийкарынан, студентлердиң өзлери қойылған сораўларға өз пикирлерин, көз қарасларын айтқан ўақытта сәўлеленеди. «Сизлер қалай ойлайсызлар,…?» «Қалай түсиндирсек болады…?», «Жақлаўға қандай дәлиллерди келтире аласыз?…». Оннан тысқары персонификация усылын келтириўге болады: «Көз алдыңызға келтириң, себеби Сиз…».

**4.** Лекцияны тыңлаўшы тәрепинен материал қалай менгерилип атырғанлығына, олардың репликаларына, көзлериниң қыймылдысына дыққат аўдара отырып оқыў шәрт.

**5.** Сөз паузалар менен үзилип турыўы керек. Паузалардың лекциялық сәўбеетлесиўдеги роли төмендегише:

А) пауза тийкарынан материалдың тыңлаўшылар тәрепинен эффективли менгерилип алыўы ушын керек, себеби тыңлаўшының дыққатының максималь даўамлылығы – 20 минутты қурайды;

Б) пазалар – бул жуўмақты ямаса зәрүрли фактти баян етиў ушын дыққаттың мобилизация қылыў усылы.

Паузалар төмендеги информациялар менен толықтырылады:

А) алым-экономистлер, илимниң, мәденияттың, сиясаттың адамларының биографиясы менен;

Б) ҳәр түрли билимниң сфералары бойынша анық ҳәм ашық фактлер менен;

В) көргизбе қураллары менен;

Г) есап-санақты киргизиў менен;

Д) юмор менен.

Лекцияға таярлық көриў – бул қыйын, қурамалы боылп табылып, лектордан көбирек күш-ғайратты талап етеди. Егерде лекция теориялық ҳәм методикалық дәрежеде оқылған болса, онда ол үлкен билим алыўшылық баҳалыққа ийе болады.

Лекцияна оқыў вариантлары.

Лекция тийкарынан эффективли болыўы ушын, оны оқыўдың ҳәр түрли вариантлары пайдаланылады.

1. Аўызеки эссе анық конкрет сораўдың теориялық ҳәм методикалық жақтан профессиональлық баян етилиўин талап етеди. Бирақ бул ўақытта бир актёрдиң спектакли сыпатында, яғный аудитория оқытыўшы менен «ишки диалогқа» киргизилген болып есапланады. Бундай лекция

тийкарынан тек ғана бир оқытыўшы тәрепинен пайда етилген жемиси болып табылып, бул жағдайда студентлерге болса пассиву тыңлаўшы роли бериледи.

2. Аўызеки эссе-диалог оқытыўшының студентлер менен қарым қатнас жасаўын тәмийинлейди. Бул жағдайда студентлер жасырын ҳәм ашық диалог усылларын қолланыў арқалы жумысқа енгизиледи.

3. Студентлердиң қатнасыўы менен алып барылған лекция тийкарынан соннан ибарат, бул жағдайда студентлер тәрепинен тийкарғы идеялар тахтаға жазылады. Олар белгили бир дәрежеде системаласады әҳм структураласады. Ҳәр бир студент жобаны дүзип, кейин ала комментарий келтириўи мүмкин. Студентледиң ҳәр түрли идеялары арқалы ислеп шығылған ең соңғы таяр болған жоба тахтаға жазылады.

Лекциялық сәўбетлесиўдиң табыслы ҳәм нәтийжели өтиўиниң шәртлери:

- оқыў процессиниң қатнасыўшыларының өз бетинше таярлығы;
- материалдың еркин ҳәм ашықтан ашық талқыланыўы;
- оқытыўшыға болған исеним.

## 4.ЛЕКЦИЯНЫҢ ЛОГИКАСЫ ҲӘМ СТРУКТУРАСЫ

ПРоблеманың қойылыўы ҳәм оның шешилиўине бағдарланған лекция. Бундай лекция тийкарынан студентлерде қызығыўшылық оятатцғын сораўлардан, жумбақлардан басланады. Оларға жууаплар сабақтың ақырында аныкланады. Студентлер проблеманың шешилиўиндле өзлериниң вариантларын усынады. Егер де консенсус болмаса, яғный қандай да бир келисимлерге келмеген болса, онда оқытыўшы студентлерге информацияның үлкен көлемин береди. Бундай жағдайда студентлердиң көпшилиги, оқытыўшы айтпастан алдын, ақырғы нәтийжени аңлап жетеди.

5. Паузалар арқалы оқылатуғын лекция өз алдына пикирлеўлер жүргизиў арқалы избе-из алып барылатуғын мини-лекцияларды курайды.

Ҳәр 20-минуттан зәрүрли проблема түсиндириледи, кейин болса 5-10 минут аралығында пикир жүргизиледи. Ең алды менен киши топарларда усы проблема бойынша пикир жүритиўге болады, ал кейиннен болса усы группадан бир адамды шығарып өзиниң пикирин айтыўына шақырыўға болады. Пикир жүритилгеннен кейин микролекция, яғный киши лекция жүзеге келеди. Усындай пикир жүритиўдиң нәтийжесинде ҳәр бир педагогикалық қатнаста, яғный байланыста болған қатнасыўшы қайттан алдынғы рольди алып барады. Оқыў процессиниң усындай шөлкемлесиўинде студентлер оқыўға және де жуўапкершиликли түрде қартнас жасайды.

6. Оқытыўшы тәрепинен қадағаланып туратуғын лекция-диспут. Аудитория тийкарынан еки топарға бөлинеди: берилген концепцияның тәрепдарлары, оппозиция ҳәм арбитрларға бөлинеди. Студентлер өзлери таңлайды ҳәм өзлериниң көз карасларын жақлаўға үйренеди. Оқытыўшы дебатларды шөлкемлестиреди ҳәм жүргизилген пиикрлерге корректировка, яғный өзгерислер киргизеди. Сабақтың ақырында оқытыўшы өзиниң проблемаға болған көз қарасын баян етеди ҳәм жуўмақ шығарады.

Лекцияның вариантын таңлаў оқытыўдың мақсети ҳәм оқытыўшының жеке индивидуаль стили арқалы анықланады. Студентлер не ойлап отырғанын, нени сезип атырғанын билиў ҳәм түсиниў ушын оқытыўшы аудиторияның активлесиўин, студентлердиң кейинги оқыўына ҳәм үйрениўине болған активлилигин, куштарлығын ҳәм қызығыўшылығын және де оятыўы тийис.

Солай етип, лекция оқытыўдың зәрүрли формасы болып табылып, логикалық избе из ҳәм оқытыўшы тәрепинен оқыў материалының терең баян етилиўи болып есапланады. Лекцияның эффективлилигин және де арттырыў ушын лекцияны оқыўдағы стилин ҳәм ҳәр түрли метод ҳәм усылларды билиў ҳәм қолланыў керек. Оннан тысқары аудиторияны, ўақытты ҳәм оқытыў орнын есапқа алған ҳалда лекцияның ҳәр түрли

вариантларын қолланыў зәрүр.

Лекцияны таярлаў структураласқан ҳәм системаға салынған процесс болып, оған қойылған талаплар ҳәм анық қағыйдаларға бойсынған ҳалда лекцияны оқытыўдың табыслы өткерилиўиниң гиреўи болып есапланады.

## Тәкрарлаў ушын сораўлар

1.Жәмийеттиң руўхый турмысы қандай түсинесиз
2.Сократ философиясына сыпатлама бериң
3.Философияда материя проблемасын анализлең
4.Гегель философиясына түсиник бериң
5.Социаллық философияның предмети.
6.Философияда шынлық мәселесиниң әҳмийети қандай
7.Платон философиясына сыпатлама бериң.
8.Материя объективлик реаллық сыпатында түсиндирилиўиниң илмий әҳмийети.

## Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Антонова Е.В. Формирование средневековой системы образования (Каролингское возрождение) / Западноевропейская средневековая школа и педагогическая мысль (Исследования и материалы): Сб. науч. тр. Вып.1, Ч.1 / ред.К.И. Салимовой, В.Г. Безрогова. – М.: издательство АПН СССР, 1989. – С.71-85.
2. Григальчик, Е.К. Обучаем иначе: Стратегия активного обучения в школе / Е.К. Григальчик, Д.И. Губаревич и др. – Мн.: ООО «Красико-Принт», 2001.
3. Пидкасистый, П.И. Психолого-дидактический справочник преподавателей высшей школы / П.И. Пидкасистый, Л.М. Фридман, М.Г. Гарунов М.: Педагогическое общество России, 1999.
4. Столяренко Л.Д. Основы психологи.5-е изд., перераб. и доп. – Ростов н/Д, Феникс, 2002. – 672 с.

# 5-Тема: ЛОГИКА ПӘНИН ОҚЫТЫЎДЫҢ ИННОВАЦИЯЛЫҚ МЕТОДЛАРЫ

**Жоба:**

1. Лекция оқыў процессиниң тийкарғы формасы сыпатында
2. Лекцияның эвристикалық ҳәм тәрбиялық мазмуны

***Таяныш сөзлер:*** *бинарлық лекция, лекция презентация, проблемалық лекция, технологиялық карта, модул,*

## 1.ЛЕКЦИЯ ОҚЫЎ ПРОЦЕССИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ФОРМАСЫ СЫПАТЫНДА

Лекция сөзи латын сөзи *«lectio»* - оқыйман дегенди аңлатады. Информацияны еситтириў яғный трансляция етиў ҳәм оқытыў методы сыпатында бирден, бирдей ўақытта бир неше аймақта шама менен б.э.ш. биринши мың жыллықтың орталарында философияның пайда болыўы менен пайда болды. Элладада ең биринши план бойынша философиядан лекция сабақлары софистлер тәрепинен алып барылды, оннан кейин Платонның Академиясы, Аристотельдиң Ликейинде дискуссия ҳәм философиялық проблемалардың биргеликте талқылаўы менен барабар пайдаланылды ҳәм сол атап өтилген оқыў орынларында тарқалды. Ҳиндистан философиясы тарийхында лекция буддийстлик монастырлердиң пайда болыўы менен бирге, оқытыўшының билимин оқыўшыға оқытыўшылар санының кем болғанлығы ҳәм оқыўышылар санының көп болғанлығы нәтийжесинде пайда болды. Ҳиндистанның атақлы лекторлары Васубандху, Сангхабхадра, Прашастапада ҳәм басқалар болып табылды. Шама менен сол ўақытта Қытайда лекцияны оқыў методы пайда болып, кең философиялық оқытыўдың тәрепдарлары сыпатында грек софистикасына уқсас болған мин-цзя, ямаса бяньчже мектеби пайда болды. Орта әсирлер Европада лекция кеңнен тарқалып, ол

диспутлар менен барабар тыңлаўшыларға билимлерди жеткериў бойынша тийкарғы рольди атқарды. Сол ўақытта китаплар шенде шен табылып, олар ноёб есапланып, монастырларда ҳәм ири университетлерде бар болған. Ислам оккупациясы дәўиринде Кордовада жайласқан китапханада китаплардың саны, христианлардың қол астында болған барлық европалық китапханаларға салыстырғанда көп болған екен. Ең дәслеп лекция китаплар тексти ямаса китаптың дәптерге көширип жазылған текстлери сыпатында публика алдында оқылған, оннан кейин ядқа алып оқыў лекция деп аталған. Кейиншелли лекция өзиниң айырым позициясын оқытыўдың басқа формаларына, яғный информацияның көбейип барыў дәрежесиниң қолайласыўы менен кеңнен тарқалып атырған диспутқа, кейин семинарлар, рефератлар, өз бетинше жумысларға ҳ.т.б. орын берди. Бирақ иа лекция оқытыў формаларының арасында, жоқары ҳәм орта оқыў орнында, әсиресе жаңа информацияны үйрениўде тийкарғы рольди атқарады.

Лекция – бул оқыў материалының логикалық избе-изли, системалы тереӊ ҳәм анық баян етилиўи. Оқыў процессинде ҳәзирги лекцияның әҳмийетлилиги тема бойынша барлық информацияны жеткерип бериў емес, ал курстың фундаментальлық проблемаларын үйренип алыўда жәрдем бериў, илимий билиўдиң методларын менгерип алыў, илимий пикирлердиң жаңа жетискенликлериниң усыныў болып табылады. Оқыў процессинде лекция методологиялық, шөлкемлестриўшилик ҳәм информациялық функцияларын атқарады. Айырым ўақытларда болса, яғный таза курслар бойынша оқыўлық, оқыў қолланбалар жоқ болған ўақытта лекция информацияның тийкарғы дереги болып есапланады. Лекция билимниң конкрет областында түсиник аппаратын ашып береп, оның проблемаларын, предмет ҳаққында бир пүтин түсиниклер, басқа дисциплиналар менен байланысын көрсетип береди. Оқыў процессинде оқыў сабақларының барлық басқа формалары – семинарлар, лабораториялық жумыслар, курс ҳәм питкериў кәнигелик проектлер, оқыў

практика, консультациялар, зачет ҳәм экзаменлер – лекция менен тиккелей байланыслы болып, фундаментлальлық түсиниклерге ҳәм жуўмақларға тийкарланады.

Лекцияның:

- Сабақтың барысын лектор толық планластырады ҳәм қадағалайды.

- Үлкен аудиторияны өз ишине қамтып алыў мүмкиншилиги бар.

- Бир оқыўшыға кем финанслық шығымлар.

Лекцияның кемшиликлери:

- Лектордың сапалы билим жеткерип бериўиндеги шеберлигине жоқары талаплар.

- Лектордың монологи ҳәм оқыўшылардың төмен тартылыўы (қатнасыўы) ҳәм оқыўшылардың кем төмен активлилиги, айырым ўақытлары – материалды өзлестириўи төмен дәрежеде.

Лекцияның төмендеги түрлерин айтып өтсек болады:

**Кирис лекция** оқыў предмети бойынша ең биринши бир пүтин мағлыўматты береди ҳәм студентти жумыс барысында усы курс бойынша бағдарлайды. Лектор студентлерди курстың мақсети, ўазыйпалары, оның роли ҳәм дисициплиналар системасында тутқан орны ҳәм келешекте кәнигени таярлаўдағы орны менен таныстырады. Курсқа қысқа шолыў жасалады, илим ҳәм әмелияттың раўажланыў дәўирлери, усы сферадағы жетискенликлери, атақлы илимпазлардың атлары, изертлеўлердиң перспектив бағдарлары баян етиледи. Бул лекцияда курс шегарасында методикалық ҳәм шөлкемлестириўшилик жумыслардың өзгешелиги айтылады, оннан кейин студентлерге усынылып атырған оқыў-методикалық әдебиятлардың анализи бериледи, есабат тапсырылатуғын ўақты ҳәм формасы анықланады.

**Лекция-информация.** Бул лекция студентлерге түсинип жетиў ҳәм еске алыў ушын илимий инфомацияны баян етип ҳәм түсиндирип бериўге бағдарланған болып табылады. Жоқары оқыў орны әмелиятында лекция-

информация лекцияның ең традицион тип есапланады.

**Обзорлық лекция** – жоқары дәрежеде илимий билимлерди систематизациялаў болып табылып, предметлерара байланысларды, детализация ҳәм конкретизацияны есапқа алмаған ҳалда, ашып бериўде баян етилетуғын информацияны түсинип алыў барысында ең көп ассоциатив байланыслар рухсат етиледи. Баян етилетуғын теориялық қвғыйдалар толық курсты ямаса оның айырым бөлимлеринмң илимий-түсиниў ҳәм концептуаль тийкарын қурайды.

**Проблемалық лекция.** Бул лекцияда жаңа билим сораўдың проблемалылығы, мәселе ҳәм ўазиятлар арқалы енгизиледи. Студентлердиң билиў процесси оқытыўшы менен бирге қарым қатнаста болған ўақытта ҳәм ол менен бирге алып барған диалог арқалы изертлеў искерликке жақынласады. Проблеманың мазмуны оның шешиў жолын табыўды шөлкемлестириў жолы менен ямаса традицион ҳәм ҳәзирги заман көз қараслардың жыйындысы ҳәм анализи тийкарында ашып бериледи.

**Лекция-визуализация** лекциялық материалды бериў ўақытында ТСО оқытыўдың техникалық қураллары арқалы ямаса аудовидеотехника (видеолекция) тийкарында әмелге асырылады. Бундай лекцияны оқыў көрсетилип атырған визуаль материаллардың (натураль объектлер – адамларды, олардың ис ҳәрекети ҳәм ислеген қылықлары, сәўбетлесиўи ҳәм сөйлесиўлери; минераллар, реактивлер, машиналардың детальлары; картиналар, сүўретлер, фотографиялар, слайдлар; символикалық, схема түринде, таблица, графиклер ҳәм модельлер түринде) толық ашып берилиўи ямаса қысқаша комментарийдер киритилиўине қаратылған болып табылады.

**Бинарлық лекция** – еки оқытыўшының диалог формасында лекцияны оқыў түри болып (ямаса еки илимий мектептиң ўәкили, ямаса илимпаз ҳәм практиктиң, ямаса оқытыўшы ҳәм студенттиң) болып табылады.

Ең алды менен қәтелер менен планластрылыған лекция студентлердиң ҳәмме ўақытта умынылып атырған информацияның олар тәрепинен қадағалаўына алып келеди (қәтелерди табыў: мазмуный жақтан, методологиялық, методикалық ҳәм орфографиялық). Лекцияның ақырында тыңлаўышылардың ҳәм исленген қәтелердиң талқылаўының диагностикасы алып барылады.

**Лекция-конференция** 5-10 минут узағы ўақыты менен алдын қойылғанпроблемалар ҳәм докладлар системасы менен илимий-әмелий сабақ түринде алып барылады. Ҳәр бир жасалған баянат ҳәм шығып сөйлеўлер, алдын ала оқытыўшы тәрепинен усынылған программа бойынша тийкарынан логикалық тамамланған текстти қурайды. Усынылған текстлердиң жыйындысы проблеманың ҳәр тәреплеме ашылыўына дерек бола алады. Лекция ақырында оқытыўшы студентлердиң өз бетинше жумысларына ҳәм шығып сөйлеўлерине жуўмақ шығара отырып, усынылған информацияны толықтырады ямаса анықлық киритеди, ҳәм тийкарғы жуўмақты формулировкалайды.

**Лекция-консультация** ҳәр түрли сценарийлер бойынша алып барылады ҳәм өтиледи. Биринши варианты «сораў-жуўап» типи тийкарында әмелге асырылады. Барлық курс бойынша ямаса курстың қандай-да бөлими бойынша лектор лекцияға ажыратылған ўақыт даўамында студентлердиң берилген сораўларына жуўап береди. Екинши варианты болып «сораў-жуўап – дискуссия» типии тийкарында әмелге асырылады. Бул лекцияда тийкарынан лектор тәрепинен жаңа оқыў информациясы баян етиледи ҳәм сораўлардың қойылыўы ҳәм қойылған сораўларға жуўап табыўда дискуссияны шөлкемлестириў болып табылады».

Өзгеше дыққатқа ылайықлы роль кирис лекцияға аўдарылады, себеби ол тийкарынан студентти анық бир дисциплина бойынша предметин ҳәм методологиясын қабыл етиў ушын таярлайды. Оқытылып атырған қандай-

да предмет бойынша бир пүтин мағлыўмат бериўде кирис лекция методикалық жақтан студентлердиң усы предметке болған қызығыўшылын арттырыўға бағдарланған болып, қурылыўы шәрт. Курстың актуальлылығын, әмелий әҳмийетлилигин, мақсет ҳәм ўазыйпаларын, усынылған әдебиятлар ҳәм дереклери атап өтилиўи керек. Тематикалық лекциялар болса курстың избе-изликте, системалы түрде баян етилиўине бағдарланған болып табылады. Оқытыўшы узақ даўам ўақытқа терең ойланылған ҳәм методикалық жақтан менгерилген матераилды усынады. Тезислер ҳәм дәллилеўлер, хабарлар ҳәм аргументлер, себеп ҳәм нәтийжелерден келип шыққан ҳалда оқытыўшы билимлердиң логикалық концепциясын ислеп шығыўы керек. Обзорлық лекциялар қандай-да бир проблемаға, темаға арналған болып, белгиленген логикалық байланысқан сораўлардың системаласқан баянламасын береди. Бул лекцияда лектор тез-тез ең қыйын қурамалы проблемаларға, теорияларғы ҳәм методларға тоқтап өтеди. Студентлердиң көп ушырасатуғын қәтелерин табады. Итоглы лекцияларда тийкарғы идеялар ҳәм оқыў мақсетлерге шолыў жасалады. Жуўмақлаўшы лекция қойылған мақсетлерге ерисилиўине жуўмақ жасаўынына имкан береди. Лекцияның барлық түрлери курстың логикалық жақтан ара байланысқан болып табылып, бирдиң бөлегин, бир пүтини болып есапланады.

Лекцияның структурасында үш бөлимди бөлип көрсетиўге болады: кирисиў, тийкарғы мазмун ҳәм жуўмақлаўшы бөлим.

Кирисиў бөлиминде лекцияның жобасы формулировкаланады, лекцияның мақсети, ўазыйпасы белгиленеди, өткен тема бойынша байланыс орнатылады. Берилген әдебиятлар ҳәм дереклер дизими кирисиў бөлиминде, я болмаса лекцияның ақырында бериўге болады. Кирисў бөлимине тийкарынан 508 минут ўақыт адыратылады.

Лекцияның тийкарғы бөлиминде тийкарғы идеялар, сораўлың теориясы сәўлеленеди. Илажы барынша ҳәр түрли аспектлер ҳәм көз

қараслар баян етилгени мақул. Лектордың баҳалаў пикирлери усынылады. Ҳәр бир логикалық бөлимнен кейин жуўмақлар формулировкаланады (бул жерде ҳәр бир логикалық блокты кирис сөз менен баслаў шәрт емес).

Лекцияның үшинши бөлиминде, яғный жуўмақлаў бөлиминде толық бир пүтин тема бойынша удыўмаластырыў ҳәм жуўмақлар бериледи. Кейинги лекциялық материал бойынша презентация қылынады. Оқытыўшы студентлердиң өз бетинше жумысларының бағдарларын белгилейди.

## 2.ЛЕКЦИЯНЫҢ ЭВРИСТИКАЛЫҚ ҲӘМ ТӘРБИЯЛЫҚ МАЗМУНЫ

Тема бойынша жақсы баян жасаў ушын, лекция материалларына жақсы таярланыў керек. Лекцияны таярдаў бойынша төмендеги избе-издиклерди, тәртиплерди сақлаў керек:

Биринши қәдем нении ҳәм қайсы тәртипте баян етилиў кереклигин анықлаўдан ибарат болады. Буның ушын теманың мазмуны анықланады, илгери сүриўши идеялар бөлип алынады, материалдың өзи болса структураларға бөлинеди. Лектор теориялық ҳәм фактлик материалларды қайсы байланыста усыныс етиўин ойлайды. Еки саатлық лекцияда үш ямаса төрт сораўларды қарап шығыў мақсетли болып табылады.

Екинши қәдем тийкарынан тыңлаўшыларға материалдың мазмунын ҳеш жоғалтпастан жеткерип бериўге бағдарланған усылларды излеў болып есапланады. Және де бул жердле айтып өтиўимиз мүмкин лекция даўамында тыңлаўшыларға тийкарғы, изоеги сүриўши идеяларды бөлип алып, оларды жеткерип бериўден ибарат болады. Бул жерде тийкарынан сөз аудитория диалог ҳәм дискуссияға түсетуғын, студентлердиң ойлаў қәбилетлери активлесетуғын методикалық усыллар ҳаққында айтылып атыр.

Үшинши қәдем – лекцияның толық текст яки қысқа тезис сыпатында жазылыўы болып табылады. Материалдың толық тексти еки саатлық

лекция ушын компьютерде терилген 16-17 бетте жайласыўы шәрт.

Төртинши қәдем – жумыстың нәтийжесин тексериў. Исдер шығылған лекция тексти даўыслап оқылыўы керек, ҳәр бир сораўға белгили бир ўақытты ажыратыў шәрт болып табылады.

Лекцияны таярлаў өз ишине сондай зәрүрли компоненти қамтып, ол тийкарынан толық лекциялық сәўбетлесиў есапланады. Эффективли нәтийжеге ерисиў ушын лектор бир қатар талапларды есапқа алыўы керек:

- пикирдиң анық формулировкланыўы, еки мәнисли болмаўы, ҳәм дәлиллеў даўамында өзгермеўи керек;

- үйренилип атырған қағыйдаларды қабыл етип алыў ҳәм түсинип жетиўде тийкарынан көргизбе қураллардан пайдаланыў есапқа алынады; бирақ та аудиторияны иллюстратив материаллар менен жүклей бермеў керек, ол, яғный иллюстратив материаллар тийкарынан бағынықлы рольди атқарады ҳәм тыңлаўшылардың дыққатын тәмийинлейди (қандай да бир белгили сораўлардың толық ашылыўына арналған тек ғана керекли материаллар болыўы шәрт, егер иллюстратив материаллар ҳәдден тыс көбирек берилге болса, онда ол аудиторияны шалғытып жибериўи мүмкин);

- шығып сөйлеў ўақтында тез ҳәм анық туўра бағдарланыў керек, тыңлаўшылардың репликаларына итибар аўдарыў керек, ҳәдден тыс қорқыўға ҳәм албырақлаўға жол қоймаў керек;

- тыңлаўшылар менен контакта болыў. Логикалық контакт – бул оқытыўшының ойлаў искерлигине жуўап ретинде студенттиң ойының активлилиги болып есапланады. Психологиялық контакт болса оқытыўшы менен студентлердиң ара дослығын, байланысын тәмийинлейди.

Лектордың жоқары маманлығы яки шеберлиги көп фаторлар тийкарынан пайда болады:

6. Сөйлеген ўақытта лектор, адамды талықтырып, оның дыққатын ҳәм қызығыўшылығын жоқ етип жиберетуғын бир тонлы

(монотонность) сөйлеўден узақ болыўы керек. Соның ушын да лектор өзиниң интонациясын, даўысын, даўысының күшин, баянлаў темпин өзгертип турыўы керек. Декторлдың сөзи тийкарынан тек ғанан анықлы, дәлилленген болып қоймастан, ол эмоциональлы болыўы шәрт.

**7.** Материалды тийкарынан жеткиликли, түсинип алатуғын формада баян етиў зәрүр, бул жерде айтып өтиўимиз керек, еки нәрсеге дыққат аўдарылыў шәрт: 1. китабий стильде ҳәм 2. аўызеки формада лекцияны оқыў қадаған етиледи.

**8.** Сөздиң тәсирлилиги, тилдиң образлығы, жақсы сай келетуғын сөзлер, салыстырмалы сөзлер, афоризмлер, юмор тийкарынан интеллектуал ҳәм руўхый көтерилиўине қолай шараят жаратады. Лекцияны оқығанда ямаса сөйлеген ўақытта анық емес айтыў, аццитория яки тыңлаўшы менен лекциялық қарым-қатнастың бузылыўына алып келеди.

**Тәкрарлаў ушын сораўлар**

1. Жәмийеттиң руўхый турмысы қандай түсинесиз
2. Сократ философиясына сыпатлама бериң
3. Философияда материя проблемасын анализлең
4. Гегель философиясына түсиник бериң
5. Социаллық философияның предмети.
6. Философияда шынлық мәселесиниң әҳмийети қандай
7. Платон философиясына сыпатлама бериң.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Антонова Е.В. Формирование средневековой системы образования (Каролингское возрождение) / Западноевропейская средневековая школа и педагогическая мысль (Исследования и материалы): Сб. науч. тр. Вып.1, Ч.1 / ред.К.И. Салимовой, В.Г. Безрогова. – М.: издательство АПН СССР,
2. Григальчик, Е.К. Обучаем иначе: Стратегия активного обучения в школе

/ Е.К. Григальчик, Д.И. Губаревич и др. – Мн.: ООО «Красико-Принт», 2001.

3. Пидкасистый, П.И. Психолого-дидактический справочник преподавателей высшей школы / П.И. Пидкасистый, Л.М. Фридман, М.Г. Гарунов М.: Педагогическое общество России, 1999.

4. Столяренко Л.Д. Основы психологи.5-е изд., перераб. и доп. – Ростов н/Д, Феникс, 2002. – 672 с.